Cambridge Public Schools

Biwo Sèvis Elèv
Liv Mànyèl sou Pwosesis
2019-2020

Dènye Mizajou: 23 Septanm 2019

Biwo Sèvis Elèv

135 Berkshire Street Cambridge, MA, 02141
Nimewo Prensipal: 617-349-6500 Faks: 617-349-6504

Limit ki gen nan Itilizasyon Liv Mànyèl sa a ak Avètisman

Objektif liv mànyèl operasyon ak pwosesis sa a se pou bay ladireksyon ak pèsonèl Cambridge Public Schools yo sipò ak direksyon. Pa gen anyen nan liv sa a ki la a pou bay moun dwa, remèd, oubyen obligasyon. Biwo Sèvis Elèv la gen dwa pou l chanje oubyen retire nenpòt oubyen tout pati ki gen nan liv sa a jan distri a vle, yon fason pou asire konfòmite ak lwa ak regleman federal yo, lwa ak regleman eta yo, direksyon Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè (Department of Elementary and Secondary Education, DESE) Massachusetts bay la, direksyon Depatman Edikasyon Federal Etazini (Federal United States Department of Education) an bay la, ak politik Komite Lekòl Cambridge (Cambridge School Committee) yo.

Lis Sijè yo

Definisyon Mo Vokabilè ki gen Rapò ak Edikasyon Espesyal **6**
1.0 Anvan yo Refere yon Timoun **8**
1.1 Pwosesis pou Refere yon Elèv **9**
1.2 Chèche Timoun (“Child Find”) 9
1.3 Refere yon Timoun pou Detèmine si l Kalifye pou Edikasyon Espesyal 10
1.4 Refere yon Timoun ki nan yon Lekòl Prive Li Peye 10
1.5 Tranzisyon ant Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti ak Edikasyon Espesyal pou Timoun Piti 10
1.6 Lòd Etap Pwosesis Referans yo 11
2.0 Direksyon pou Pwosesis Evalyasyon an **12**
2. 1 Sa k Fè Pati yon Evalyasyon 13
2.2 Pwosesis Evalyasyon yo 15
2.3 Rapò Evalyasyon yo 15
2.4 Evalyasyon Deyò 16
2.5 Re-Evalyasyon 17
2.6 Evalyasyon Elèv ki Pale yon Lang ki Pa Anglè 18
2.7 Evalyasyon Pwolonje 18
2.8 Re-Evalyasyon pou Tèmine Sèvis Edikasyon Espesyal 19
2.9 Delè pou fè Evalyasyon yo ak Fòmilè/Dokiman ki Nesesè yo 19
3.0 Detèmine si yon Elèv Kalifye **20**
3.1 Kategori Andikap yo 20
3.2 Bonjan Pwogrè 29
3.3 Ansèyman Espesyalize 29
3.4 Lòt Sèvis 30
3.5 Teknoloji Asistans 31
3.6 Transpò 31
3.7 Sèvis Tranzisyon 31
3.8 Parapwofesyonèl 33
3.9 Ane Lekòl Pwolonje (ESY) 33
3.10 Detèmine yon Elèv Pa Kalifye pou Edikasyon Espesyal 34
3.11 Refize Sèvis 36
4.0 Plasman **36**
4.1 Anviwònman ki Mwens Kwense (LRE) 36
4.2 Diferan Sèvis Edikasyon Espesyal yo 37

4.3 Jistifikasyon pou I Pa Patisipe nan Pwogram Edikasyon Jeneral la 38
4.3 Pwogram ki Apa 38
4.4 Plasman Andeyò Distri a (OOD) 40
4.5 Sèvis Ansèyman nan Kay la: 40
4.6 Laj Majorite 40
5.0 Reyinyon IEP ak Bay IEP a 41
5.1 Premye Reyinyon IEP a 41
5. 2 Reyinyon Evalyasyon Ànyèl 41
5.3 Reyinyon Re-Evalyasyon 42
5.4 Chanjman nan IEP a 42
5.5 Bay IEP a 42
5.6 Siveye Pwogrè/Rapò Pwogrè 43
5.7 Reta nan Sèvis IEP 46
5.8 Elèv k ap Aprann Anglè (ELL) ki gen yon IEP 47
5.8 Patisipasyon nan Reyinyon IEP 47
5.9 Eskize nan yon Reyinyon IEP 48
5.10 Lòt Fason pou Patisipe nan Reyinyon Ekip 49
6.0 Disiplin 50
6.1 Disipline Elèv ki gen Andikap 50
6.2 Rapò sou Metriz Fizik-Revizyon 52
7.0 Brimad ak Entèvansyon 53
8.0 Dwa Paran Genyen ak Pwosesis pou Bagay Fèt yon Fason ki Dwat 55
8.1 Pwosedi Pwoteksyon yo 55
8.2. Dezakò 56
9.0 Kominikasyon avèk Paran/Responsab 56
9.1 Obsèvasyon nan Klas 56
9.2 Direksyon Konsènan Dosye Elèv/Mesaj Tèks 57
10.0 Seksyon 504 58
10. 1 Rezime sou Seksyon 504 58

Chè Kominote CPSD,

Prensip de baz Biwo Sèvis Elèv la se “sèvis”. Biwo Sèvis Elèv la (OSS) detèmine pou l bay elèv ki nan Cambridge Public Schools edikasyon espesyal ak lòt sèvis, e pou l bay Ekip, pèsonèl, ak lidè lekòl nou yo sèvis bon kalite nan bon moman an. Nou kwè si biwo nou kreye strikti, kondisyon, ak sipò pou pèsonèl nou an, elèv nou yo pral ka “aprann an pwofondè, avèk kè kontan, pandan yo respekte diferan kilti”, yon fason pou yo reyisi nan lekòl la.

Biwo nou an devlope yon Liv Mànyèl Pwosesis pou lekòl nou ak pèsonèl nou pou n ka ba yo direksyon sou politik ak pwosesis k ap asire gen yon anviwònman sansib e enklizif ki baze sou bezwen pèsonèl chak elèv genyen. Gid sa a pa fèt pou l anpeche elèv resevwa sèvis yo bezwen yo, pito li fèt kòm yon chema ki pèmèt travay n ap fè yo vin pi konstan, pi lojik, e gen plis inite, yon fason pou nou ka pi byen sèvi elèv ki gen andikap yo nan Vil Cambridge la.

Liv Mànyèl Pwosesis la se yon “dokiman vivan” y ap kontinye fè mizajou ladan l pou l ka rete ajou e konplè. Biwo nou te kòmanse pwosesis sa a ann otonn 2018. Nou te fè sesyson kontribisyon avèk pwofesè, founisè lòt sèvis, administratè, klinisyen, ak paran. Grasa kolaborasyon nou te fè a, nou kreye yon dokiman nou swete ki pral byen itil kominote CPS nou an.

Pou asire n respekte lalwa, Liv Mànyèl Pwosesis la fè referans ak lwa ak regleman Eta yo ak lwa ak regleman Federal yo, sa gen ladan l:

- Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts, Lwa Jeneral Massachusetts yo ch.71 B, e apre, ak Regleman Edikasyon Espesyal 603 CMR 28.00 e apre.
- Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape 2004 la, ak 34 CFR 300 e apre
- Seksyon 504 Lwa Reyablitasyon 1973 la (selon chanjman an)
- Tit VI nan Lwa Dwa Sivil 1964 la
- Lwa Opòtinite Edikatif Egalego 1974 la
- Tit IX nan Chanjman Lwa Edikasyon 1972 la
- Tit II nan Lwa Ameriken ki gen Andikap 1990 la

Kòm toujou, nou byen kontan tande kontribisyon pa w yo. Si w gen nenpòt rekòmandasyon oubyen enkyetid, tanpri, kontakte Kowòdonatè OSS la oubyen voye yon imèl bay Desiree Campbell nan decampbell@cpsd.us. Kontribisyon w yo esansyèl pou asire elèv yo resevwa tout byenfè edikatif ki gen nan pwogram, politik, ak pwosesis distri yo.

Sensèman,

Biwo Sèvis Elèv la

OBJEKTIF CAMBRIDGE PUBLIC SCHOOLS LA
Pèmèt elèv aprann an pwofondè e ak kè kontan, pandan yo respekte diferan kilti, e avèk sipò pèsonalize, yon fason pou elèv yo reyisi apre lekòl segondè e vin manm aktif nan kominote a

OBJEKTIF SÈVIS BIWO SÈVIS ELÈV LA BAY YO
Bay yon sistèm sèvis ak sipò ki konplè e ki byen òganize atravè diferan kad enklizif, yon fason pou konble bezwen patikilye chak elèv genyen nan domèn sosyal-emosyonèl, akademik, e konpòtmantal.

MISYON
Bay lidèchip, jesyon resous, asistans teknik, ak direksyon pou elèv, fanmi, ak pèsonèl pa mwayen yon sistèm sipò ak sèvis diferan nivo ki konplè pou elèv nan yon anviwònman ki aksepte tout moun.

Ekip Moun k ap Dirije OSS

Doktè Alexis Morgan, Asistant Siveyan Jeneral Biwo Sèvis Elèv
amorgan@cpsd.us

Jean Spera, Direktè Sèvis Elèv
jspera@cpsd.us

Desiree Phillips, Kowòdonatris Lekòl Siperyè
dphillips@cpsd.us

Doktè Karyn Grace, Kowòdonatris Pwogram, Ansèyman, ak Enklizyon
kgrace@cpsd.us

Shelagh Walker, Kowòdonatris Preskolè/Timoun Piti
skellywalker@cpsd.us

Definisyon Mo Vokabilè ki gen Rapò ak Edikasyon Espesyal

Edikasyon espesyal vle di ansèyman espesyalize ki fèt pou konble bezwen espesyal elèv ki kalifye yo genyen, oswa lòt sèvis ki nesesè pou elèv la pwofite pwogram jeneral lekòl la, e yo gen ladan yo pwogram ak sèvis yo presize nan lwa edikasyon espesyal eta e federal yo. (603. CMR 28.02 (20))

Andikap vle di youn oubyen plis nan andikap sa yo: Entelijans, Sans: Koute, Kominikasyon, Sans: Vizyon, Emosyon, Fizik, Sante, Aprantisaj Presi, Sans: Soud-Avèg, Otis, Newolojik, ak/oswa Reta Devlopmantal. (603. CMR 28.02 (7))

Elèv ki kalifye vle di yon moun ki gen ant 3 ak 22 ane ki poko gen yon diplòm lekòl segondè oubyen yon diplòm ki ekivalan avè l, kote yon Ekip te detèmine li gen yon andikap (oubyen plis), e pakonsekan, li pa ka byen pwogrese nan pwogram edikasyon jeneral la san ansèyman espesyalize, oswa li pa ka pwofite pwogram jeneral la san lòt sèvis. Yon elèv ki kalifye gen dwa pou l resevwa edikasyon espesyal ak nenpòt lòt sèvis ki nesesè pou l benefisye edikasyon espesyal oswa ki nesesè pou elèv la pwofite pwogram jeneral lekòl la. Pou detèmine si yon elèv kalifye, fòk distri lekòl la evalye l an pwofondè e bay yon deskripsyon sou potansyalite elèv la nan domèn edikasyon ak devlopman. (603. CMR 28.02 (9))

Pwogram Edikasyon Pèsonèl (IEP) se yon dokiman yo devlope e apwouve ann amoni ak lwa edikasyon espesyal federal nan yon fòm Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts la tabli, ki idantifye bezwen yon elèv genyen nan domèn edikasyon espesyal, e ki dekri sèvis yon distri lekòl pral bay elèv la pou konble bezwen sa yo li genyen. (603. CMR 28.02 (11))

Anviwònman ki Mwens Kwense (LRE) vle di plasman edikatif ki asire, otank sa apwopriye, elèv ki gen andikap, san wete elèv ki nan enstitisyon piblik oubyen prive ak lòt etablisman ki pran swen moun, jwenn edikasyon ansanm ak elèv ki pa gen andikap, e kou espesyal, lekòl apa, ak lòt ka kote yo retire elèv andikape nan anviwònman edikasyon jeneral la fèt sèlman lè karateristik oswa gravite andikap elèv la fè edikasyon nan kou edikasyon jeneral ansanm ak itilizasyon èd ak sèvis siplemantè pap ka fèt nan yon nivo ki sifi. (603. LMR 28.02 (12))

Anons vle di anons oubyen matyè ki obligatwa selon lwa edikasyon espesyal federal la chak fwa yon distri lekòl pwopoze oubyen refize kòmanse oubyen chanje idantifikasyon, evalyasyon, plasman edikatif, oswa pwovizyon sèvis edikasyon espesyal pou yon elèv. (603. LMR 28.02 (13))

Byen pwogrese nan pwogram edikasyon jeneral la vle di fè pwogrè moun ka konstate nan aprann konesans ak konpetans, san wete devlopman sosyal/emosyonèl, nan pwogram edikasyon jeneral la, avèk aranjman oswa san aranjman, selon sa yo atann de elèv la dapre laj li ak devlopman l, potansyalite pèsonèl li, ak standa edikasyon yo fikse nan Pwogram Lekòl Masachusetts la ak pwogram distri a. Pwogram edikasyon jeneral la gen ladan l preskolè ak pwogram pou timoun piti distri a ofri, pwogram akademik ak pwogram ki pa akademik distri a ofri, ak pwogram ak aktivite travay. (603. CMR 28.02 (17))

Ansèyman espesyalize vle di adapte, yon fason apwopriye, matyè, metòd, oswa fason yo bay ansèyman, selon bezwen espesyal timoun ki kalifye a genyen akoz andikap li, epi asire timoun nan ka pwofite pwogram jeneral la, yon fason pou l atenn standa edikasyon yo ki pou tout timoun yo ann amoni ak standa ki nan Pwogram Lekòl Massachusetts la ak pwogram distri a. (34 CFR 300.39 (b)(3)).

1.0 Anvan yo Refere yon Timoun



Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts la devlope yon chema pou konble bezwen akademik e non akademik tout elèv yo. Chema a, ki rele Sistèm Sipò pa Nivo Massachusetts la (MTSS), se yon plan ki ranfòse sistèm edikasyon an atravè distri a pou bay tout elèv yo (soti nan elèv ki gen difikilte pou rive nan elèv ki gen yon kapasite avanse) sipò presi atravè plizyè nivo. MTSS bat pou l bay ansèyman de baz bon kalite ak/oswa sipò sosyal-emosyonèl pa mwayen yon apwòch entegre.

Chema MTSS la mande pou gen plis kolaborasyon ant pwofesè edikasyon jeneral yo ak pwofesè edikasyon espesyal yo pou yo kreye e kontwole yon sistèm sipò ki gen diferan nivo avèk ansèyman ki baze sou rechèch. MTSS pa fè pati pwosesis edikasyon espesyal la; sepandan, elèv ki kalfiye pou sèvis edikasyon espesyal yo kapab plènman pwofite sistèm sipò a. **Distri/lekòl ki chwazi itilize yon modèl entèvansyon ki syantifik e ki baze sou rechèch (Modèl Ansèyman pa Nivo) kòm yon pwosesis pou detèmine si yon elèv kalifye, dwe travay nan espas 45 jou lekòl la apre yo fin resevwa konsantman paran an alekri pou fè yon premye evalyasyon oubyen re-evalyasyon.** Pou asire l aliyen ak objektif Pwogram Edikasyon Pèsonèl yo a (IEP), enfòmasyon an dwe entegre nan kreyasyon ak aplikasyon konpozan de baz yo ki akademik e non akademik.

Pou w aprann plis sou Sistèm Siksè Elèv la, vizit http://www.doe.mass.edu/sfss/.

1.1 Pwosesis pou Refere yon Elèv

Fok se yon paran oswa nenpòt moun ki responsab elèv la oubyen ki nan yon pozisyon pwofesyonèl (apre sa n ap jis rele l "paran") ki refere yon yon elèv pou yon evalyasyon si l gen enkyetid anrapò ak devlopman elèv la.

Yonfwa yon paran oubyen yon lòt moun ki nan yon pozisyon kote l ap pran swen elèv la legalman fè konnen li refere elèv la pou yon evalyasyon, swa alekri, swa aloral, distri lekòl la pa dwe pran tan pou l fè evalyasyon an. Fòk distri a rapidman, san l pa fè reta, voye anons e chèche pèmisyon pou fè yon premye evalyasyon pou kalifikasyon edikasyon espesyal. Distri a gen 5 jou lekòl, depi l fin jwenn referans lan, pou l voye paran an fòmilè konsantman evalyasyon an pou l siyen l pou montre l bay konsantman l. Fòk yo jwenn konsantman nan men paran an anvan yo kòmanse evalyasyon an.

1.2 Chèche Timoun ("Child Find")

Chèche Timoun fè pati lwa federal la: Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape a (IDEA). Selon lwa sa a, fòk distri a idantifye, chèche, e evalye tout timoun ki gen andikap nan eta a ki bezwen edikasyon espesyal ak lòt sèvis. Pou fè sa, distri lekòl piblik yo fè aktivite "Chèche Timoun".

Se responsablite Cambridge Public Schools pou l idantifye nenpòt timoun ki gendwa gen yon andikap ki:

- rezide nan Vil Cambridge la,
- nan yon pwogram lekòl lakay distri a apwouve,
- asiste yon lekòl prive nan limit jeyografik Cambridge la (swa l rezidan, swa l pa rezidan).

Chèche Timoun se yon pwosesis kontinyèl Biwo Sèvis Elèv la itilize pou l idantifye timoun ak jèn ki gen ant 3 ak 22 ane ki gendwa kalifye pou yo resevwa edikasyon espesyal ak lòt sèvis paske yo gen yon andikap. Biwo Sèvis Elèv Cambridge Public Schools la responsab pou l chèche, idantifye, egzamine, e evalye (avèk konsantman paran) elèv ki gen ant 3 ak 22 ane ki gendwa gen yon andikap, yon fason pou asire yo resevwa edikasyon espesyal ak lòt sèvis yo gen bezwen.

Biwo Sèvis Elèv la responsab pou l fè aktivite Chèche Timoun pou fè piblik la konnen chak timoun ki gen yon andikap merite yon edikasyon piblik ki gratis, ki apwopriye, e ki fèt pou l konble bezwen endividyèl timoun nan genyen.

Si w gen yon enkyetid anrapò ak pitit pa w la, kontakte lekòl pitit ou oubyen Biwo Sèvis Elèv la nan 617.349.6500 pou w pale sou enkyetid ou yo e pou n detèmine si merite gen plis evalyasyon ki fèt.

1.3 Refere yon Timoun pou Detèmine si l Kalifye pou Edikasyon Espesyal

Lè se Lekòl la ki Refere – Apre Ekip Edikasyon Espesyal la detèmine yo te fè tout efò pou konble bezwen elèv la nan pwogram edikasyon jeneral la, avèk entèvansyon/sipò edikasyon jeneral, e efò sa yo pa t reyisi, pèsonèl lekòl la refere elèv la pou yon evalyasyon pou detèmine si l kalifye pou Edikasyon Espesyal.
Yo dwe bay dokiman sou sèvis sipò ansèyman yo itilize pou elèv la kòm yon pati nan enfòmasyon y ap bay pou Ekip la egzamine lè y ap detèmine si elèv la kalifye.

Lè se Paran ki Refere – Yon paran (san wete paran akèy, responsab, moun ki rete menm kote ak timoun nan, oswa yon moun ki legalman responsab byennèt timoun nan) gendwa refere yon elèv nenpòt ki lè pou yon premye evalyasyon pou detèmine si l kalifye pou edikasyon espesyal. Referans sa a gendwa fèt swa aloral swa alekri. Lè distri lekòl la resevwa referans nan men paran an, li gen 5 jou lekòl pou l bay paran an yon fòmilè konsantman evalyasyon.

Yo gendwa bay Sikològ/Prezidan Ekip la demann referans lan oubyen yo ka voye l bay Biwo Sèvis Elèv la pou kòmanse pwosesis la. Y ap kontakte paran yo pou klarifye enkyetid yo e pou ede devlope plan evalyasyon an nan tout domèn yo sispèk elèv la gen andikap.

1.4 Refere yon Timoun ki nan yon Lekòl Prive Li Peye

Yonfwa yo konfime rezidans, Prezidan Ekip ki afekte nan lekòl ki nan zòn pitit ou a pral voye fòmilè konsantman paran an. L ap voye yon fòmilè liberasyon enfòmasyon tou pou n ka kontakte pèsonèl lekòl elèv la.

Prezidan Ekip la responsab pou l kowòdone pwosesis referans lan e li pral **envite manm lekòl prive elèv la nan reyinyon Ekip la.**

Jeneralman evalyasyon an fèt nan distri a. Sepandan, gendèfwa li gendwa nesesè pou n obsève elèv la nan lekòl prive a.

1.5 Tranzisyon ant Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti ak Edikasyon Espesyal pou Timoun Piti

Lè yo fin jwenn yon referans nan men pwogram "Entèvansyon pou Timoun Piti" a (EI, "Early Intervention") epi yo jwenn *Fòmilè Konsantman Evalyasyon* an nan men paran an, distri a pral fè aranjman pou gen yon evalyasyon pou detèmine si elèv la kalifye pou sèvis edikasyon espesyal.

Distri a gendwa chwazi pou l fè evalyasyon ak egzamen pa l, oswa l gendwa itilize evalyasyon ak egzamen pèsonèl pwogram EI a fè **si rapò yo ajou e yo gen rapò ak desizyon sou kalifikasyon an, pwosesis planifikasyon an, ak dvelopman IEP a.**

Lè yo fin fè evalyasyon ak egzamen yo, Prezidan Ekip la pral fè yon reyinyon avèk paran timoun nan ak moun ki enplike direkteman nan pwosesis evalyasyon an pou detèmine si timoun nan kalifye pou edikasyon espesyal.

Ekip yo dwe reflechi anpil sou envite pèsonèl pwogram EI yo ki enpotan nan reyinyon sa a, paske yo gendwa kapab bay enfòmasyon enpòtan konsènan devlopman timoun nan, sèvis li konn resevwa, ak bezwen l genyen nan moman an.

Si yo detèmine timoun nan kalifye pou edikasyon espesyal:

- CPSD a pral fè yon reyinyon IEP ki gendwa fè pati reyinyon pou detèmine si l kalifye a, oubyen li gendwa fèt apa.

- Ekip IEP a gen ladan l paran timoun nan, yon pwofesè edikasyon jeneral, yon pwofesè edikasyon espesyal, yon moun ki ka entèprete ki efè rezilta evalyasyon an dwe gen sou ansèyman y ap bay elèv la, yon reprezantan distri lekòl la, ak lòt moun ki gen yon konesans oubyen konpetans espesyal konsènan timoun nan si paran an oubyen distri a vle sa, san wete pèsonèl k ap bay lòt sèvis yo. Ekip IEP a pral reyini pou idantifye sèvis ki konble bezwen edikatif timoun nan genyen yo e pou fasilite devlopman ak aplikasyon IEP a **disi fèt 3 ane timoun nan.**

1.6 Lòd Etap Pwosesis Referans yo

Nan yon espas 5 jou lekòl depi yo refere yon elèv pou yon evalyasyon edikasyon espesyal, distri a pral voye yon Pake Konsantman Paran ki gen bagay sa yo ladan l:

- *Yon N1 (Anons sou Aksyon yo Pwopoze Pran), ki reponn tout 6 kesyon yo.* (Yon N1, Anons sou Aksyon yo Pwopoze Pran, bay paran an enfòmasyon ki vin apre yo: Ki aksyon distri lekòl la pwopoze pou l pran? Poukisa distri lekòl la pwopoze pou l aji? Ki opsyon nou te konsidere, men nou te rejte yo, e poukisa yo te rejte chak? Ki pwosedi evalyasyon, tès, dosye, oswa rapò ki te sèvi kòm baz pou aksyon ki pwopoze a? Ki lòt faktè ki te jwe yon wòl nan desizyon distri lekòl la? Si genyen, ki pwochèn etap ki rekòmande?)
- *Fòmilè Konsantman Evalyasyon* (N1A)
- *Anons sou Pwosedi Pwoteksyon yo*

NOTE SA: Pa gen okenn egzamen/evalyasyon ki dwe fèt anvan yo jwenn fòmilè konsantman an avèk yon tchèk ki endike paran an bay konsantman l ansanm ak siyati l ***ki fèt avèk lank***, pa jis kreyon. Konsatman nan bouch pa sifi; konsantman ekri nan men paran an obligatwa. (603 CMR 28.07(1)); (34 CFR 300.300)

Lwa ak regleman eta yo fikse ki lè pou distri lekòl yo fè chak etap nan pwosesis pou detèmine si yon elèv kalifye pou edikasyon espesyal.

> *Distri a gen 30 jou lekòl, depi l fin jwenn konsantman paran an, pou l fè tout evalyasyon ki nesesè yo ak yon lòt 15 jou lekòl pou l fè yon reyinyon Ekip pou detèmine si elèv la kalifye pou edikasyon espesyal oubyen non. Antou, sa fè 45 jou lekòl.*

Y ap fè lòt efò pou yo jwenn konsantman nan men paran an e y ap note efò sa yo. Si paran an revoke konsantman l oubyen si l refize evalyasyon an, e Distri a detèmine sa pral fè elèv la pa jwenn yon edikasyon ki apwopriye, Distri a pral chèche yon rezolisyon pa mwayen Biwo Apèl Edikasyon Espesyal la.

2.0 DIREKSYON POU PWOSESIS EVALYASYON AN

Yonfwa Prezidan Ekip la resevwa fòmilè konsantman ki siyen an, li pral ekri moun ki pral fè evalyasyon an pou l fè yo konn sa. Fòk yo evalye elèv la nan **tout domèn yo sispèk li gen andikap**, yon fason pou detèmine si l kalifye pou Edikasyon Espesyal. Pa egzanp, yo pa ka deside l kalifye paske l manke ansèyman nan lekti oubyen matematik oswa poutèt LEP (Manke Fò ann Anglè).

Sa yo fè nan evalyasyon an dwe fèt selon kesyon presi ki fè yo te refere elèv la e fòk yo abòde si l gen yon andikap oubyen non, ak si andikap la afekte fason l aprann nan.

Fòk evalyasyon yo bay enfòmasyon k ap pèmèt yo detèmine nivo pèfòmans akademik li nan moman an ak lòt bezwen devlopmantal li genyen. Yo pa dwe itilize yon grenn egzamen kòm sèl kritè la pou detèmine li kalifye. Olye de sa, yo dwe itilize yon varyete diferan teknik (ni evalyasyon fòmèl, ni evalyasyon enfòmèl), san wete enfòmasyon paran an bay, obsèvasyon elèv la nan klas la, echantiyon devwa l fè ak pòtfèy, entèvyou, ak egzamine dosye l. Yo chwazi e fè evalyasyon yon fason pou pa gen patipri sou baz ras oswa kilti.

Pou elèv ki sou kont leta, konsantman pou yon premye evalyasyon pa obligatwa si distri lekòl la pa ka jwenn paran an apre yon efò rezonab, oubyen si yo te revoke dwa paran an te genyen yo dapre lalwa eta a, oswa si yon jij te revoke dwa paran an te genyen pou l pran desizyon anrapò ak edikasyon timoun nan. Distri a oblije chèche yon paran ranplasan, pa mwayen DESE Massachusetts, pou elèv ki sou kont leta. Elèv ki sou kont leta yo gen ladan yo timoun k ap viv nan mezon akèy (sof si timoun nan gen yon paran akèy) ak timoun ki sou responsablite yon òganizasyon beynnèt timoun piblik.

Fòk yo fè evalyasyon an nan lang ak fòm ki pral bay yon rezilta pi egzak sou sa timoun nan konnen ak sa l ka fè nan domèn akademik, devlopman, ak fonksyon, sof si l pa posib pou fè sa. (34 CFR 300.304)

Yonfwa Sikològ/Prezidan Ekip la resevwa fòmilè konsantman evalyasyon ki fin siyen an, li pral fè pwofesè klas la (yo) konn sa. Se Biwo Sèvis Elèv la direkteman ki pral fè tout lòt manm Ekip yo konnen pou yo kòmanse evalyasyon yo.

1. Chak manm Ekip responsab pou l pwograme e fè evalyasyon pa yo selon delè yo fikse yo.

2. Fòk rapò evalyasyon yo disponib omwen 2 jou anvan reyinyon Ekip la.

3. Distri a voye yon envitasyon reyinyon ak fèy asistans 10 jou anvan reyinyon an.

2. 1 Sa k Fè Pati yon Evalyasyon

Pati ki Obligatwa pou yon Premye Evalyasyon

- Evalyasyon nan tout domèn ki gen rapò ak andikap yo sispèk li genyen an
- Evalyasyon edikasyon yon reprezantan distri a fè, ki gen ladan l:
    - Evalyasyon Edikasyon (Pati A ak Pati B)
    - Yon istwa sou pwogrè edikatif elèv la te fè nan pwogram jeneral lekòl la.
    - Yon deskripsyon detaye sou eta edikasyon/devlopman elèv la.

Evalyasyon ki Opsyonèl:

Ekip la oswa yon paran gendwa rekòmande oubyen mande youn oubyen plis nan sa k vin apre yo:

- ***Evalyasyon Espesyal (yo)*** – Pawòl/Langaj; Terapi Pwofesyonèl; Terapi Fizik; Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl
- **Evalyasyon Sikolojik** - se yon sikològ lekòl lisanse, yon sikològ lisanse, oswa yon sikològ edikatif lisanse ki pou fè l, e li dwe gen ladan l yon egzamen sikolojik endividyèl
- **Teknoloji Asistans (AT)** - se yon espesyalis nan teknoloji asistans ki pou fè l; evalyasyon sa a detèmine si teknoloji asistans nesesè ak ki teknoloji presi ki t ap soutni pèfòmans yon elèv, patisipasyon l, ak endepandans li. Evalyasyon AT a gade tou "sèvis sipò ki nesesè, tankou fòmasyon pou yon elèv ak/oswa pèsonèl la, entegrasyon AT a nan lekòl la, ak pwoblèm teknik" (Haven, 2008-2019).
- ***Evalyasyon Andikap Aprantisaj*** – sa pa menm ak yon "Evalyasyon Edikasyon" e fòk paran an bay konsantman l pou li apa. Evalyasyon Andikap Aprantisaj la evalye konpetans akademik nan youn oubyen plis nan domèn pèfòmans ki vin apre yo: Lekti, Òtografi, Ekriti, ak Matematik. Cambridge Public Schools abitye ajoute yon evalyasyon sikolojik lè yo mande yon evalyasyon andikap aprantisaj.

- ***Evalyasyon Lakay*** – Ekip la dwe mande si gen gwo enkyetid anrapò ak anviwònman kay la oubyen fanmi an, paske yo ka afekte pèfòmans elèv la nan lekòl la.
- ***Evalyasyon Sante*** – Paran yo gen opsyon pou yo fè yon evalyasyon sante konplè ki detaye nenpòt pwoblèm oubyen kontrent sante ki gendwa afekte edikasyon elèv la. Paran an dwe endike si yo pral bay distri a enfòmasyon sa a.

Evalyasyon Tranzisyon nan Pwosesis Planifikasyon Tranzisyon Segondè a:

- ***Evalyasyon fòmasyon,*** tankou tès, obsèvasyon, dosye, oswa ti pwojè, se bagay yo deja itilize regilyèman (pa egzanp, chak è, chak jou, chak semèn) pou yo kontwole jan yon elèv ap aprann. Yo pèmèt pwofesyonèl lekòl yo wè si elèv ap fè pwogrè e sa pèmèt yo kreye okazyon pou elèv la kontinye aprann yon fason ki ann amoni ak bezwen elèv la genyen yo.

- ***Evalyasyon Apre yon Leson,*** tankou yon egzamen final, tèz, pwojè final, oswa cho final, e jeneralman yo fè yo nan fen yon peryòd pou evalye tout sa elèv la te aprann pou wè pwogrè l fè. Yo gendwa ede Ekip la lè y ap fikse objektif ànyèl sou konpetans nan IEP a.

- ***Evalyasyon enfòmèl*** itilize metòd ki pa standa (pa egzanp, entèvyou, kontwòl, evalyasyon sou pwogram lekòl la, evalyasyon selon yon kritè), yo ka sèvi nan plizyè kad e avèk anpil diferan moun ki enplike nan lavi elèv la, epi yo itil pou kreye e evalye efè entèvansyon ansèyman yo genyen. Kontrèman ak evalyasyon fòmèl, yo pa pèmèt ou konpare elèv la ak lòt elèv, men yo ka sèvi pou wè sa l konn fè ak ki pwogrè l fè.

- ***Evalyasyon Fòmèl*** se egzamen standa ki gen direksyon sou ki jan pou administre yo, korije yo, e entèprete yo. Yo gentan verifye yo fyab e valid. Ou ka konpare mwayèn diferan elèv yo fè atravè diferan popilasyon elèv.

Si Ekip la manke konprann ki jan yon elèv pral boule nan diferan kalite anviwònman, tankou nan lye travay, nan kominote a, oubyen nan kolèj. Oubyen tou, si pèfòmans yon elèv te iregilye e manke konstans, **enfòmasyon sou evalyasyon tranzisyon gendwa pi itil si yo chèche l atravè plizyè diferan kad** nan lekòl la (pa egzanp, nan yon kontèks akademik e pandan "lavi lekòl" la ak aktivite ki pa akademik) ak lòt kad ankò tankou lakay li, nan kominote a, nan travay li, si yo chèche l atravè plizyè tan, e si yo chèche l nan men yon varyete diferan moun ki konnen elèv la byen (pa egzanp, elèv la, fanmi l, pwofesè l yo, pèsonèl òganizasyon, zanmi, anplwayè, antrènè).

<u>Konsantman pou evalyasyon tranzisyon</u>

Konsantman paran **oswa elèv** (si l gen 18 ane) pou evalyasyon tranzisyon **pa nesesè** lè:

- se tout elèv yo nan klas la ki fè evalyasyon an, nan yon nivo klas, nan yon etablisman distri, oswa atravè tout distri a, sof si konsantman nesesè pou tout elèv k ap patisipe nan evalyasyon an.
- evalyasyon an fèt kòm yon aktivite oubyen devwa woutin nan pwogram lekòl la.
- Konsantman pa nesesè pou "egzamen pou objektif ansèyman, paske egzamen konsa pa yon evalyasyon."
- Konsantman pa nesesè pou egzamine ransèyman ki deja egziste.
- Konsantman pa nesesè pou kontwole pwogrè.

Kidonk, lekòl yo pa bezwen jwenn konsantman pou evalyasyon tranzisyon endividyèl sèlman si:

- se pa tout elèv ki fè yo,
- yo pa fè pati yon aktivite nan klas la ki woutin oubyen ki enfòmèl, epi
- se pa jis pou kontwole pwogrè yon fason kontinyèl.

2.2 Pwosesis Evalyasyon yo

1. Manm Ekip yo dwe kowòdone evalyasyon yo avèk pwofesè elèv la (yo) ak lòt moun k ap fè evalyasyon, yon fason pou timoun nan pa teste twòp pandan yon jounen kèlkonk. Moun k ap fè evalyasyon yo dwe asire yo timoun nan konnen davans lè yo pral retire l nan klas la.

2. Si yo jwenn konsantman nan yon espas 30 jou lekòl anvan fen ane lekòl la, Distri a pral asire l yo pwograme yon reyinyon Ekip pa pita pase dènye jou lekòl la kote yo pral bay IEP yo pwopoze a oswa yon anons ekri ki di yo pa twouve elèv la kalifye. Sikològ/Prezidan Ekip la pral asire l evalyasyon yo fèt nan yon espas **30 jou lekòl** depi paran an te siyen fòmilè konsantman an.

3. Reyinyon Ekip la pral fèt nan yon espas **45 jou lekòl** pou egzamine rezilta evalyasyon yo e pou detèmine si l kalifye pou edikasyon espesyal.

2.3 Rapò Evalyasyon yo

Yo dwe ekri tout rapò evalyasyon yo nan yon langaj ki klè e ki pa gen jagon. Evalyatè yo dwe entèprete e rezime rezilta yo ak sa yo te twouve pandan tès yo te fè yo, yon fason pou ede Ekip la detèmine si elèv la kalifye, san wete nivo akyèl pèfòmans edikatif elèv la ak domèn li gen bezwen akoz andikap li a. Yo dwe idantifye aranjman ak modifikasyon ki gen rapò ak edikasyon elèv la k ap asire elèv la pral enplike e pwogrese nan pwogram edikasyon jeneral la.

Ekip pwofesyonèl kalifye yo ak paran yo dwe pran yon desizyon sou si elèv la kalifye. Ekip k ap pran yon desizyon sou si l kalifye a dwe apiye yo sou yon varyete diferan materyèl evalyasyon lè y ap detèmine si elèv la kalifye pou edikasyon espesyal. Ekip la dwe asire yo yo resevwa kontribisyon nan men paran an e yo jwenn ase ransèyman pou yo ka pran yon desizyon. Yo dwe chèche ransèyman nan tout domèn yo sispèk li gen andikap.

Yo pa dwe twouve l kalifye sou baz mank ansèyman lekti ak matematik oswa poutèt li gen bezwen antanke yon moun k ap aprann lang nan.

Omwen 2 jou anvan reyinyon Ekip la, y ap bay paran yo rapò evalyasyon yo si l mande yo. Antanke yon bon prensip, nou ankouraje Ekip yo voye rapò evalyasyon yo lè yo fin fè yo bay paran an. Rapò yo dwe eksprime klèman ransèyman yo ak rezilta sesyon evalyasyon yo.

2.4 Evalyasyon Deyò

Nenpòt lè, paran gendwa chwazi pou se yon evalyatè endepandan ki evalye pitit yo ak pwòp frè pa yo. **Sepandan, fòk Direktè Sèvis elèv la apwouve demann nan anvan paran/responsab yo ka kòmanse evalyasyon deyò a.** Evalyasyon Edikasyon Endepandan an (IEE) dwe fin fèt e yo dwe voye yon rapò ekri bay distri lekòl la pa pita pase 30 jou depi dat paran an te mande evalyasyon an. Rapò a dwe rezime pwosesis, evalyasyon, rezilta, ak sa l te twouve pandan evalyasyon an, epi l dwe gen rekòmandasyon sou ki jan pou yo konble bezwen edikatif elèv la genyen yo.

Lalwa ak regleman gouvènman federal ak eta yo bay paran yo pwosesis pou yo jwenn fon piblik pou yon IEE si yo pa dakò ak evalyasyon distri lekòl la.

- Si paran an mande yon IEE e li vle se piblik la ki peye l, fòk distri lekòl la swa peye IEE a, oswa, nan yon espas 5 jou, mande Biwo Apèl Edikasyon Espesyal la (BSEA) pran yon desizyon ki di evalyasyon distri a te fè a te konplè e apwopriye.

- Si ofisye apèl BSEA a deside evalyasyon distri a te konplè e apwopriye, paran an toujou gen dwa pou l fè IEE a, men se pa piblik la ki pral peye l.

Si yo poko detèmine yon elèv kalifye pou sèvis edikasyon espesyal e li pa gen yon IEP, Cambridge pral trete evalyasyon l resevwa yo kòm yon demann pou yon premye evalyasyon pou detèmine si elèv la kalifye. Cambridge toujou gen dwa ak responsablite pou l fè yon evalyasyon. Y ap konsidere evalyasyon endepandan an kòm yon pati nan evalyasyon konplè Cambridge fè a.

Ekip la oblije konsidere rezilta evalyasyon endepandan an. Evalyasyon deyò a pa ranplase responsablite Cambridge Public Schools genyen pou l fè evalyasyon pou detèmine si elèv la kalifye pou edikasyon espesyal. Ekip la pral fè rekòmandasyon, deside si plis egzamen nesesè, epi, si sa posib, detèmine si elèv la kalifye pou sèvis edikasyon espesyal.

Cambridge Public Schools detèmine pou l evite doub evalyasyon fèt. Sepandan, si Ekip evalyasyon an pa pwopoze e eseye fè yon evalyasyon Cambridge Public Schools, li mete distri a nan pozisyon kote evalyasyon deyò ka pran devan l alavni.

2.5 Re-Evalyasyon

Y ap fè yon re-evalyasyon pou chak elèv ki gen yon IEP chak 3 ane oubyen pi souvan si yo mande sa oswa si yo rekòmande l. Re-evalyasyon fèt pa pi souvan pase yon fwa chak ane, sof si ni paran yo ni Cambridge Public Schools dakò yon evalyasyon nesesè.

Si distri a sispèk yon elèv pa kalifye ankò pou sèvis edikasyon espesyal, yon evalyasyon dwe fèt pou chanje desizyon yo te deja pran kote yo te di l kalifye a. **Fòk yo pa sispann sèvis Edikasyon Espesyal ak lot sèvis jiskaske yon reyinyon fèt, sof si se gradye elèv la gradye avèk yon diplòm nòmal, oswa si l vin gen twòp laj.** Pou tioun sa yo, distri a dwe bay yon rezime sou pèfòmans akademik e fonksyonèl, san wete yon rekòmandasyon sou ki jan pou ede timoun nan atenn objektif li genyen pou apre lekòl segondè.

NOTE SA: Tout egzijans yo bay pou Premye Evalyasyon yo rete aplikab pou re-evalyasyon tou. Evalyasyon ak rapò evalyasyon dwe fokis sou andikap yo sispèk li genyen ansanm ak nivo pèfòmans li nan moman an. Anplis de sa, tout rapò evalyasyon yo dwe gen ladan yo aranjman ak modifikasyon k ap enpòtan pou edikasyon l, e yo dwe idantifye yo yon fason pou asire elèv la patisipe e pwogrese nan pwogram edikasyon jeneral la.

2.6 Evalyasyon Elèv ki Pale yon Lang ki Pa Anglè

Lè yo idantifye yon elèv kòm yon Elèv k ap Aprann Anglè (ELL), fòk premye evalyasyon an:

- Fèt ni nan lang natif natal li, ni ann anglè (otank sa posib), pou detèmine kominikasyon sosyal ak devlopman akademik li nan tout domèn, san wete koute, pale, lekti, ak ekriti, elatirye; epi,

- Y ap itilize kontribisyon nan men paran, pwofesè ki pale 2 lang/pwofesè ESL, klinisyen ki pale 2 lang, ak lòt moun, yon fason pou ajoute enfòmasyon sosyal e kiltirèl, nivo ak vitès li adapte l ak kilti a, konpetans li nan devlopman langaj ak vitès li aprann toude lang yo, ak ransèyman sou egazmen akademik/edikasyon.

Ekip IEP a gendwa deside youn oubyen plizyè evalyasyon ap pi byen fèt nan lang prensipal elèv la, yon fason pou detèmine karakteristik ak pòte bezwen elèv la avèk plis presizyon, ak si yo gen rapò ak aprann l ap aprann anglè a.

2.7 Evalyasyon Pwolonje

Si Ekip la twouve elèv la kalifye pou sèvis edikasyon espesyal, men yo tire konklizyon plis evalyasyon nesesè pou detèmine si l gen plis bezwen, Ekip la gendwa vle fè yon Evalyasyon Pwolonje (Men dokiman Evalyasyon Pwolonje yo: EE1, EE2). Yon Evalyasyon Pwolonje gendwa sèvi, avèk pèmisyon paran an, pou l chèche plis enfòmasyon ki nesesè pou ekri yon IEP, men l pa ka sèvi pou jwenn plis enfòmasyon pou detèmine si elèv la kalifye.

Fòk Ekip yo okouran regleman eta yo ki mete restriksyon sou itilizasyon Evalyasyon Pwolonje. Moun <u>pa</u> gendwa itilize Evalyasyon Pwolonje pou rezon ki vin apre yo:

- Pou pwolonje delè yo pou evalyasyon ki obligatwa
- Pou refize bay yon elèv pwogram oubyen sèvis
- Pou sèvi kòm yon plasman tanporè

Si gen ase enfòmasyon disponib pou detèmine elèv la kalifye, Ekip la dwe redije yon IEP distri a pral aplike tousuit, avèk konsantman paran an alekri, pandan yo fè evalyasyon pwolonje a. Lè bagay yo fèt konsa, sa asire elèv la pa manke sèvis yo te wè ki nesesè nan reyinyon Ekip la.

Yon Evalyasyon Pwolonje gendwa dire plis pase yon (1) semèn, men l pa dwe depase 8 semèn. Ekip pa oblije pote yon chanjman nan IEP a. Yo konsidere sa kòm yon bout IEP, e yo ka ajoute nouvo enfòmasyon san yo pa oblije suiv pwosesis chanjman IEP a. Ekip la gendwa chwazi rankontre tanzantan pandan peryòd evalyasyon pwolonje a, men yo pa oblije fè sa.

Dokiman ki obligatwa yo:
- IEP yo pwopoze a
- Lèt N1
- Fòmilè Evalyasyon Pwolonje

2.8 Re-Evalyasyon pou Tèmine Sèvis Edikasyon Espesyal

Fòk gen yon konsantman ki siyen pou detèmine si yon elèv toujou bezwen nenpòt oswa tout sèvis edikasyon espesyal yo. Sèl eksepsyon an se lè yon elèv gradye avèk yon diplòm lekòl segondè oubyen lè l gen twòp laj pou lekòl lè l gen 22 ane. Pou elèv sa yo, fòk distri a bay yon rezime sou pèfòmans akademik e fonksyonèl elèv la, san wete rekòmandasyon sou ki jan pou yo ede elèv la atenn objektif li genyen pou apre lekòl segondè yo.

Dokiman ki obligatwa:
- Fòmilè Demann Re-Evalyasyon
- N1 Anons sou Aksyon yo Pwopoze Pran/ Fòmilè Konsantman Evalyasyon/ Anons sou Pwosedi Pwoteksyon yo
- Fòmilè Konsantman Evalyasyon ki siyen
- Fòmilè Evalyasyon Edikasyon A/B
- Lòt evalyasyon selon bezwen an

2.9 Delè pou fè Evalyasyon yo ak Fòmilè/Dokiman ki Nesesè yo

Dat ki Obligatwa	**Fòmilè/ Dokiman ki Nesesè**
Nan yon espas 5 jou lekòl depi yo refere yon elèv pou yon evalyasyon	● Anons sou Pwopozisyon (N1) ● Fòmilè Konsantman Evalyasyon (N1A) ● Anons sou Pwosedi Pwoteksyon
Nan yon espas 30 jou lekòl depi yo jwenn konsantman paran pou evalyasyon an	● Fòk tout evalyasyon yo fin fèt ● Fòk yo mete rapò yo disponib pou paran yo 2 jou anvan reyinyon Ekip la si paran yo mande sa ● Envitasyon Reyinyon (N3)/Fèy Asistans (N3A) * *Fòk yo voye l 10 jou anvan dat reyinyon an*

Nan yon espas 45 jou lekòl depi paran an bay konsantman l	● Fòk tout rapò evalyasyon yo fin fèt ● Fòk reyinyon Ekip la fèt pou egzamine rezilta evalyasyon yo, rekòmandasyon yo, ak kalifikasyon
Nan yon espas 5 jou lekòl depi paran an mande yon Evalyasyon Edikasyon Endepandan (IEE)	● Fòk distri a reponn li lè l dakò ak evalyasyon an nan yon to ajistab, oswa lè l depoze nan Biwo Apèl Edikasyon Espesyal la.
Nan yon espas 10 jou lekòl depi yo jwenn Evalyasyon Edikasyon Endepandan an (IEE)	● Fòk reyinyon Ekip la fèt pou egzamine rezilta evalyasyon an (yo) ak rekòmandasyon yo
Nan yon espas 8 semèn lekòl apre yo jwenn konsantman paran an pou yon evalyasyon pwolonje	● Fòk rapò evalyasyon yo fin fèt ● Fòk reyinyon Ekip la fèt pou egzamine rezilta evalyasyon yo ak rekòmandasyon yo

3.0 Detèmine si yon Elèv Kalifye

Ekip la detèmine si elèv la kalifye pou sèvis edikasyon espesyal grasa Tablo Kalifikasyon pou Edikasyon Espesyal la ki soti nan Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts la. Dokiman sa a ede Ekip pran desizyon sou kalifikasyon si yo twouve elèv la gen yon andikap, e si akoz andikap la li pa ka fè bonjan pwogrè nan pwogram edikasyon jeneral la san ansèyman espesyalize ak/oswa lòt sèvis. ***Tanpri, note sa:*** senpleman detèmine yon elèv gen yon andikap pa sifi pou l merite edikasyon espesyal oswa lòt sèvis.

3.1 Kategori Andikap yo

Otis - Yon andikap devlopmantal ki gen yon gwo efè sou kominikasyon vèbal e nonvèbal ak enteraksyon sosyal. Mo a gen yon definisyon selon lalwa federal nan 34 CFR §300.8(c)(1).

<u>Mo Kle nan Deifinisyon Eta e Federal yo:</u>

- Yon andikap devlopmantal **ki gen yon gwo efè sou kominikasyon vèbal e nonvèbal ak enteraksyon sosyal**, ki jeneralman evidan anvan l gen 3 ane... gen yon move efè sou... pèfòmasyon li nan edikasyon.

- **fè aktivite repetetif ak mouvman repetetif,**
- **rezistan devan chanjman nan anviwònman l oubyen chanjman nan woutin chak jou a, epi**
- **fè reyaksyon dwòl parapò ak sa ki touche sans li yo**.

Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:

- Klasman pa nivo ki fèt pou Otis
- Evalyasyon matirite ak konpetans sosyal
- Echantiyon Kominikasyon ak evalyasyon konpetans langaj elèv la, san wete konpetans langaj pratik
- Obsèvasyon – note sa si elèv la fè mouvman repetetif e note reyaksyon elèv la lè gen chanjman nan woutin chak jou yo oubyen nan anviwònman an
- Evalyasyon reyaksyon elèv la parapò ak sa k touche sans li yo
- Evalyasyon eta emosyonèl elèv la (gade twoub emosyonèl tou)
- Evalyasyon nan plizyè diferan anviwònman avèk diferan kalite tach
- *Note sa: Se yon andikap ki pa rive souvan. Evalyatè dwe gen eksperyans ak konesans anrapò ak zouti evalyasyon ki apwopriye.*

Reta Devlopmantal - Kapasite yon jèn timoun (ant 3 ak 9 ane) genyen pou l aprann nan vrèman limite, li twouble, oswa l anreta, e li montre sa pa mwayen difikilte li genyen nan youn oubyen plis nan domèn sa yo: langaj reseptif e/oswa ekspresif; kapasite pou reflechi; fonksyònman fizik; fonksyònman nan domèn sosyal, emosyon, oswa adaptasyon; ak/oswa kapasite pou l ede pwòp tèt li.

Mo Kle nan Deifinisyon Eta e Federal yo:

- **ki gen ant 3 ak 9 ane**
- **Kapasite l pou l aprann nan vrèman limite, li twouble, oswa l anreta**
- **Difikilte nan youn oubyen plis domèn**

Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:

- Konsidere l apwopriye sèlman si elèv la gen 9 ane oubyen mwens
- Evalyasyon pèfòmans devlopmantal nan langaj; entelijans; devlopman fizik; devlopman nan domèn sosyal, emosyon, oswa adaptasyon
- Evalyasyon kapasite mantal
- Obsèvasyon nan klas
- Istwa devlopman l
- Ransèyman parapò ak sa k nòmal oswa pwennvi plizyè pwofesyonèl pou reta 6 mwa oubyen plis nan yon domèn oubyen plis pou timoun ki pi piti yo, e 9 mwa pou timoun ki pi gran yo

Twoub Entelektyèl - Kapasite pèmanan elèv la genyen pou l fè aktivite oubyen fonksyon entelektyèl oswa pou rezoud pwoblèm avèk lespri l la limite anpil oubyen l twouble, e li montre sa pa mwayen youn nan bagay ki vin apre yo: aprann pi dousman; modèl aprantisaj ki mal òganize; difikilte avèk konpòtman adapte; ak/oswa difikilte pou l konprann ide abstrè. Mo sa a gen ladan l elèv ki gen pwoblèm mantal.

Mo Kle nan Deifinisyon Eta e Federal yo:

- Kapasite pèmanan l genyen pou l fè aktivite ki mande entelijans lan vrèman limite oubyen twouble

Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:

- Istwa devlopman l ak edikasyon l – prèv kapasite l te toujou limite
- Bonjan limit, pa jis aprann pi dousman
- Evalyasyon: vitès li aprann, fason l aprann, konpreyansyon l sou teyori abstrè
- Evalyasyon nan diferan anviwònman
- Evalyasyon konpòtman adapte elèv la
- Tès QI standa gendwa sèvi kòm yon mezi pou konsidere, men l pa sifi pou detèmine li gen andikap sa a

Twoub Vizyèl oswa Avèg - Kapasite pou wè a, menm apre koreksyon tankou linèt, limite, li twouble, oswa l pa egziste ditou, e sa lakòz youn oubyen plis nan rezilta sa yo: fèb pèfòmans nan aktivite vizyèl; difikilte avèk kominikasyon ekri; ak/oswa difikilte pou l konprann enfòmasyon yo prezante vizyèlman nan anviwònman edikasyon an. Ekspresyon sa a gen ladan l elèv ki avèg ak elèv ki gen yon vizyon limite.

Mo Kle nan Deifinisyon Eta e Federal yo:

- Kapasite pou l wè, apre koreksyon tankou linèt, limite, li twouble, oswa l pa egziste ditou
- Fèb pèfòmans nan aktivite vizyèl
- Difikilte avèk kominikasyon ekri
- Difikilte pou l konprann enfòmasyon yo prezante vizyèlman

Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:

- Evalyasyon aktivite vizyèl, san wete evalyasyon vizyon fonksyonèl apre koreksyon tankou linèt
- Note sa: elèv ki gen plizyè andikap riske gen twoub vizyèl. Si l gen plizyè andikap, yo dwe fè l yon egzamen je.
- Istwa medikal li ak yon evalyasyon medikal resan
- Evalyasyon je ak evalyasyon fèb vizyon
- Si sa apwopriye, evalyasyon kapasite elèv la genyen pou l aprann/itilize bray
- Evalyasyon kapasite elèv la genyen nan domèn oryantasyon ak deplasman

- Egzamine istwa edikasyon elèv la ak istwa devlopman l
- Evalyasyon diskriminasyon vizyèl elèv la ak kapasite l pou l konprann sa l wè
- *Note sa: Se yon andikap ki pa rive souvan. Evalyatè dwe gen eksperyans ak konesans anrapò ak zouti evalyasyon ki apwopriye pou elèv ki gendwa gen twoub vizyèl.*

Twoub Koute oswa Soud - Kapasite pou koute a, menm lè gen anplifikasyon, limite, li twouble, oswa l pa egziste ditou, e sa lakòz youn oubyen plis nan rezilta ki vin apre yo: fèb pèfòmans nan aktivite koute; difikilte avèk kominikasyon oral; ak/oswa difikilte pou l konprann enfòmasyon yo prezante aloral nan anviwònman edikasyon an. Ekspresyon sa a gen ladan l elèv ki soud ak elèv ki tande di.

Mo Kle nan Deifinisyon Eta e Federal yo:

- Kapasite l pou l koute, menm lè gen anplifikasyon, limite, li twouble, oswa l pa egziste ditou
- Fèb pèfòmans nan aktivite koute
- Difikilte avèk kominikasyon oral
- Difikilte pou l konprann enfòmasyon yo prezante aloral

Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:

- Evalyasyon zòrèy, san wete evalyasyon kapasite fonksyonèl pou koute
- Evalyasyon kapasite elèv la genyen pou l tire pwofi nan itilizasyon teknoloji asistans, tankou aparèy zòrèy, antrènè odyo, sistèm FM, oswa enplan kochleyè
- Egzamine istwa edikasyon elèv la ak istwa devlopman l
- Istwa medikal li ak yon evalyasyon medikal resan
- Evalyasyon devlopman langaj oral elèv la ak kapasite l pou l kominike
- Evalyasyon elèv la parapò ak anviwònman lekòl la, ak visevèsa, san wete jan l konn patisipe, konpòtman sosyal/kominikasyon l, enteraksyon l avèk lòt elèv ak adilt, ak konpòtman l parapò ak diferan anviwònman aprantisaj
- Evalyasyon diskriminasyon odyo elèv la ak kapasite l pou l konprann sa l koute
- *Note sa: Twoub koute souvan mele ak lòt andikap, e yo dwe gade sa byen lè yon elèv gen yon andikap oubyen twoub fizik, si kapasite l pou l koute varye oubyen chanje aparaman, si l gen yon twoub kominikasyon, oswa si l gen yon pwoblèm vizyèl.*
- *Note sa: Se yon andikap ki pa rive souvan. Evalyatè dwe gen eksperyans ak konesans anrapò ak zouti evalyasyon ki apwopriye pou elèv ki gendwa soud oswa tande di.*

Soud e Avèg - Twoub koute ak twoub vizyèl anmenmtan, sa ki lakòz li gen gwo bezwen nan domèn kominikasyon, edikasyon, ak lòt domèn devlopman.

Mo Kle nan Deifinisyon Eta e Federal yo:

- Twoub koute ak twoub vizyèl anmenmtan
- Gwo bezwen nan domèn kominikasyon, edikasyon, ak lòt domèn devlopman

Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:

- Evalyasyon vizyèl e odyo, san wete evalyasyon kapasite fonksyonèl vizyon ak koute. Li pi bon lè se yon oftamolojis ak yon odyolojis ki detèmine lè yon elèv soud e avèg.
- Lis bagay pou verifye pandan obsèvasyon
- Evalyasyon kominikasyon, ni reseptif, ni ekspresif
- Egzamine istwa elèv la nan domèn edikasyon, medikal, ak devlopman
- Evalyasyon diskriminasyon vizyèl ak diskriminasyon odyo elèv la ak kapasite l pou l konprann sa l wè e tande
- Istwa medikal ak evalyasyon medikal resan
- Note sa: Li trè pwobab li gen lòt andikap tou, swa medikal, newolojik, konpòtmantal, entelijans, ak fizik
- Evalyasyon konpetans li nan domèn oryantasyon ak deplasman
- Obsèvasyon elèv la nan plizyè kad
- *Note sa: Se yon andikap ki pa rive souvan. Evalyatè dwe gen eksperyans ak konesans anrapò ak zouti evalyasyon ki apwopriye pou elèv ki gendwa soud e avèg.*

Twoub Newolojik - Kapasite sistèm nève a limite oubyen twouble, avèk difikilte nan youn oubyen plis nan domèn ki vin apre yo: itilizasyon memwa, kontwòl ak itilizasyon fonksyònman entelijans, konpetans sans ak mouvman, pawòl, langaj, konpetans òganizasyon, reflechi sou enfòmasyon, reyaksyon, konpetans sosyal, oswa fonksyon vi de baz. Ekspresyon an gen ladan l elèv ki sibi yon gwo domaj nan sèvo.

Mo Kle nan Deifinisyon Eta e Federal yo:

- Kapasite sistèm nève a limite oswa twouble.
- Gen ladan l Gwo Domaj nan Sèvo

Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:

- Evalyasyon yon Newosikològ kalifye oswa yon Newolojis kalifye fè ki pa repete tès yo te deja fè
- Istwa sou devlopman l ak edikasyon l
- Istwa medikal ak evalyasyon aktyèl, san wete yon egzamen medikal pou pwoblèm newolojik

- Evalyasyon nan lòt domèn ki gen rapò avè l, tankou: memwa, fonksyònman entelijans, konpetans sans ak mouvman, konpetans kominikasyon, konpetans òganizasyon, tretman enfòmasyon, konpetans sosyal, konpòtman, kapasite pou l fleksib/adapte, atansyon, rezònman, refleksyon abstrè, jijman, kapasite pou l rezoud pwoblèm, eta sante mantal
- Obsève elèv la
- Souvan kalite andikap sa a asosye ak manke pwa lè l fèt.
- *Note sa: Se yon andikap ki pa rive souvan. Evalyatè dwe gen eksperyans ak konesans anrapò ak zouti evalyasyon ki apwopriye pou elèv ki gendwa gen yon twoub newolojik*

Twoub Emosyonèl - Selon definisyon ki gen nan lalwa federal ki nan 34 CFR §300.8(c)(4), elèv la gen youn oubyen plis nan karakteristik sa yo, atravè yon bon kou tan, e nan yon nivo ki gen yon efè negatif sou pèfòmans edikatif li: yon mank kapasite pou l aprann yo pa ka esplike avèk faktè entelijans, sans, oswa sante; yon mank kapasite pou konstwi oubyen antretni ase relasyon avèk kamarad ak pwofesè; kalite konpòtman oubyen santiman ki pa kòrèk nan sikonstans nòmal; yon etadespri tris oubyen depresif an jeneral nan tout bagay, oswa yon tandans pou l devlope senptòm fizik oswa laperèz anrapò ak pwoblèm pèsonèl oubyen pwoblèm nan lekòl. Yo pa dwe detèmine li gen andikap sa a senpleman paske konpòtman elèv la vyole regleman disiplin lekòl la, paske elèv la enplike nan yon tribinal deta oubyen yon òganizasyon sèvis sosyal, oswa paske elèv elèv la malajiste nan domèn sosyal, sof si Ekip la detèmine elèv la gen yon twoub emosyonèl grav, apa sikonstans nou sot site yo.

<u>Mo Kle nan Deifinisyon Eta e Federal yo:</u>

- pandan yon bon bout tan e nan yon nivo remakab
- gen yon efè negatif sou pèfòmans edikasyon l
- konpòtman oubyen santiman ki pa kòrèk nan sikonstans nòmal
- pa sèlman konpòtman
- pa sèlman enplike nan tribinal oswa sèvis sosyal
- pa sèlman malajiste nan domèn sosyal

<u>Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:</u>

- Lis bagay pou verifye ak klasman pa nivo anrapò ak konpòtman/dyagnostik
- Evalyasyon pwojeksyon
- Evalyasyon ak evtèvyou pwofesè
- Obsève elèv la
- Evalyasyon sikyat
- Evalyasyon sikolojik oswa evalyasyon newosikolojik
- Entèvyou ak paran
- Istwa li nan domèn devlopman e sosyal
- Note sa: Anpil nan andikap sikyat yo pa rive souvan. Evalyatè dwe gen eksperyans ak konesans anrapò ak twoub sikyatrik, yon fason pou yo detèmine karakteristik yon twoub emosyonèl ak efè l gen sou elèv la.

Twoub Kominikasyon - Kapasite pou itilize langaj ekspresif e/oswa reseptif la limite anpil, li twouble, oswa l anreta, e li montre sa pa mwayen difikilte li genyen nan youn oubyen plis nan domèn sa yo: langaj, tankou pwononsyasyon ak/oswa kalite vwa; transmèt, konprann, oswa itilize langaj pale, langaj ekri, oubyen langaj avèk senbòl. Ekspresyon an gendwa gen ladan l yon elèv ki pa ka pale klè, ki bege, ki gen yon twoub langaj, oswa ki gen yon pwoblèm nan vwa l, si pwoblèm konsa gen yon efè negatif sou pèfòmans edikatif elèv la.

Mo Kle nan Deifinisyon Eta e Federal yo:

- Itilizasyon langaj ekspresif e/oswa reseptif vrèman limite, li twouble, oswa l anreta.
- Gen yon efè negatif sou pèfòman edikatif.

Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:

- Evalyasyon konpetans langaj ekspresif e reseptif, san wete pwononsyasyon, fluidite, ak vwa
- Egzamen bouch ak lòt pati ki bò kote bouch la
- Evalyasyon vokabilè
- Evalyasyon ki gen rapò ak sonje mo, konpetans langaj ak tretman odyo, ak konpetans nan domèn siyifikasyon mo ak aranjman mo
- Evalyasyon konpetans langaj pratik
- Pou timoun ki pi piti, analize kapasite yo genyen pou yo jwe
- Obsève elèv la
- Echantiyon langaj - oral e ekri
- Entèvyou ak pwofesè ak paran
- Istwa sou devlopman l ak edikasyon l

Andikap Fizik - Kapasite fizik yon elèv genyen pou l fè mouvman, kowòdone aksyon, oubyen fè aktivite fizik la limite anpil, twouble, oswa anreta, e li montre sa pa mwayen difikilte li genyen nan youn oubyen plis nan domèn ki vin apre yo: aktivite fizik ak mouvman; mouvman endepandan; akonpli fonksyon de baz nan lavi a. Ekspresyon an gen ladan l andikap òtopèdik grav oswa andikap li tou fèt avè l, paralizi serebral, anlve yon pati nan kò, ak zo kase, si andikap la gen yon efè negatif sou pèfòmans edikatif elèv la.

Mo Kle nan Deifinisyon Eta e Federal yo:

- kapasite fizik li genyen pou l fè mouvman, pou l kowòdone aksyon l, oswa pou l fè aktivite fizik vrèman limite, li twouble, oswa l anreta
- gen yon efè negatif sou pèfòmans edikatif

Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:

- Evalyasyon òtopèdik oswa newomiskilè
- Evalyasyon medikal
- Istwa devlopman l
- Evalyasyon fonksyònman l nan lekòl la atravè diferan anviwònman lekòl
- Obsève elèv la

Andikap Sante - Yon pwoblèm sante ki kwonik oubyen grav ki fè kapasite fizyolojik li genyen pou l fonksyone a limite anpil oubyen twouble, e sa bay youn oubyen plis nan rezilta ki vin apre yo: manke fòs, enèji, oswa atansyon, san wete bay bagay nan anviwònman l k ap distrè l yo twòp atansyon paske l manke bay anviwònman edikasyon an atansyon. Ekspresyon an gen ladan l andikap sante akoz asm, twoub mank atansyon oswa twoub mank atansyon e twò aktif, maladi sik, malkadi, maladi kè, emofili, anpwazone ak plon, lesemi, nefrit, rimatis atikilè, ak anemi falsifòm, si twoub sante sa yo gen yon efè negatif sou pèfòmans edikatif elèv la.

Mo Kle nan Deifinisyon Eta e Federal yo:

- Kwonik oswa grav
- Kapasite pou fonksyone a vrèman limite, sa ki lakòz li manke eveye nan anviwònman edikasyon an

Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:

- Evalyasyon medikal
- Istwa sou devlopman l
- Evalyasyon fonksyònman l nan lekòl la
- Obsève elèv la, atravè yon bon kou tan, pandan l ap fè diferan aktivite
- Entèvyou ak pwofesè ak paran
- Evalyasyon efè medikaman oubyen tretman medikal gen sou li, si sa apwopriye
- Evalyasyon efè sa gen sou li lefètke li absan souvan, san wete efè absans atravè anpil tan, si sa apwopriye
- Evalyasyon efè emosyonèl oswa sikolojik andikap la gen sou li, si sa apwopriye

Andikap Aprantisaj Presi (SLD) - Ekspresyon an vle di yon twoub nan youn oubyen plis nan pwosesis sikolojik de baz yo ki enplike nan konpreyansyon oswa nan itilizasyon langaj, kit se aloral, kit se alekri, ki gendwa manifeste pa mwayen mank kapasite pou koute, reflechi, pale, li, ekri, eple, oubyen fè kalkil matematik. Itilizasyon ekspresyon an dwe ranpli tout kritè federal yo ki nan lalwa federal nan 34 CFR §§300.8(c)(10) ak 300.309. (Apendis A gen ladan l fòmilè egzijans Kalifikasyon SLD yo.)

Mo Kle nan Deifinisyon Eta e Federal yo:

- Kòmantè: fòk yo konsidere ekspresyon “mank kapasite” nan kontèks lòt langaj federal ki bay direksyon ki endike ekspresyon konsa kapab vle di “vrèman deranje”.
- 34 CFR 300.541 gen ladan l yon evalyasyon sou si yo te bay elèv la okazyon pou l aprann yon fason ki apwopriye parapò ak laj li, epi l mande pou Ekip la chèche yon gwo diferans ant pèfòmans ak kapasite entelektyèl. (Gade Tab 5A tou)

Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:

- Evalyasyon ki nesesè pou detèmine si gen yon diferans ant kapasite l ak pèfòmans li nan youn nan domèn yo deziyen yo.
- Evalye opòtinite yo bay elèv la pou l aprann ki apwopriye pou laj li
- Istwa sou devlopman l ak edikasyon l
- Ransèyman sou pèfòmans li nan klas la atravè plizyè tan e pou diferan aktivite
- Obsèvasyon plis pase yon sèl moun fè atravè plizyè tan e pou diferan aktivite
- Evalyasyon sikometrik, sikolojik, oswa niwosikolojik
- Evalyasyon ki nesesè pou wè si l gen andikap sans, twoub emosyonèl, diferan kilti, oswa twoub entelektyèl tou
- Avètisman #1: Dabò, se jijman pwofesyonèl ak/oswa enkyetid paran ki dwe enfòme evalyasyon an, e li pa bezwen evalyasyon ki “kouvri tout teritwa a”.
- Avètisman #2: Ekspresyon federal “gwo diferans” lan pa vle di yon sèten QI oubyen egzamen pèfòmans presi, ni Masschusetts pa presize yon mwayen presi pou montre klèman sa yon “gwo” diferan ye, ki vle di moun nan gen yon andikap. Nou souliye desizyon Ekip la dwe montre pèfòmans elèv la gen yon gwo mankman nan youn oubyen plis nan domèn lalwa deziyen yo. Yon desizyon gendwa fèt avèk enfòmasyon ki soti nan plizyè diferan evalyasyon (ki gendwa gen ladan yo egzmane QI), ak/oswa egzamen ki baze sou kritè (ki gendwa gen ladan yo evalyasyon pwogram lekòl la), ansanm ak lòt kalite evalyasyon.

Andikap Aprantisaj Presi/Disleksi

: “Disleksi se yon andikap aprantisaj presi ki newollojik. Li fè yon moun gen difikilte pou l rekonèt mo avèk presizyon ak/oswa fasilite, epi l fè l pa fò nan òtografi ak kapasite pou dechifre. Jeneralman difikilte sa yo se rezilta yon mankman nan pati fonolojik la nan langaj, ki souvan pa tonbe daplon ak lòt kapasite entelijans elèv la genyen yo ak ansèyman efikasyon klas la bay. Konsekans segondè gendwa gen ladan yo pwoblèm konpreyansyon lekti ak mwens eksperyans nan fè lekti, sa ki anpeche l ogmante vokabilè li konnen ak konesans de baz li” (Asosyasyon Entènasyonal Dileksi)

Evalyasyon ki Posib ak Faktè pou Konsidere:

- **Kindègadenn:** tès ki gen ladan yo evalyasyon nan domèn sa yo: konsyans de son lèt, san wete mete chak pati nan yon mo apa, melanje son, premye son nan mo, ak rime; site non rapid yon fason otomatik, san wete site non lèt avèk fasilite; asosye son an ak lèt la; ak memwa fonolojik, san wete repetisyon fo mo (Catts, ak lòt 2015; Jenkins & Johnson, 2008).

- **Premye Ane:** tès reyisi pi byen lè yo gen ladan yo evalyasyon nan domèn sa yo: konsyans de son lèt, sitou aktivite kote l mete chak pati nan mo apa, melanje son, e manipile son; fasilite pou site non lèt; asosye lèt ak son l; memwa fonolojik, san wete repetisyon fo mo; vokabilè oral; ak fasilite pou rekonèt mo (pa egzanp, presizyon ak vitès) (Compton, ak lòt, 2010; Jenkins & Johnson, 2008).
- **Dezyèm Ane:** evalyasyon dwe gen ladan yo idantifikasyon mo, fluidite lekti oral, ak konpreyansyon lekti. Evalyasyon idantifikasyon mo dwe gen ladan yo mo toutbon ak fo mo.
- **Kindègadenn rive nan Dezyèm Ane:** Kèk egzanp zouti evalyasyon gen ladan yo (pami lòt) DIBELS Next, Aimsweb, Evalyasyon Prediksyon nan Lekti (PAR, Predictive Assessment of Reading), ak Egzamen Lekti Primè Texas (TPRI, Texas Primary Reading Inventory).

3.2 Bonjan Pwogrè

Bonjan pwogrè nan pwogram edikasyon jeneral la vle di fè pwogrè yo remake nan aprann konesans ak konpetans, san wete devlopman sosyal/emosyonèl nan pwogram edikasyon jeneral la, avèk aranjman oswa san aranjman, selon sa yo atann de li parapò ak laj li ak devlopman l, selon potansyalite endividyèl elèv la anrapò ak edikasyon l, e selon standa aprantisaj ki gen nan Pwogram Lekòl Masschusetts la ak pwogram Cambridge Public Schools la.

Pwogram edikasyon jeneral la gen ladan l preskolè ak pwogram pou timoun piti distri a ofri, pwogram akademik e nonakademik Cambridge Public Schools ofri, ak pwogram ak aktivite travay.

3.3 Ansèyman Espesyalize

Baz Ansèyman Espesyalize nan Lalwa (SDI)

Responsablite yon anseyan edikasyon espesyal genyen anrapò ak ansèyman yo klèman defini nan lwa IDEA a ki te renouvle an 2004, kote l klarifye definisyon edikasyon espesyal. IDEA a di elèv yo detèmine ki kalifye pou sèvis edikasyon espesyal yo, fòk yo resevwa *ansèyman espesyalize, san paran yo pa peye anyen pou sa, yon fason pou konble bezwen patikilye timoun ki gen andikap la genyen, san wete (A) ansèyman ki fèt nan klas la, lakay la, nan lopital ak lòt etablisman, ak nan lòt kad; ak (B) ansèyman nan edikasyon fizik. (20 United States Code U.S.C. § 1401(29))*

Regleman IDEA yo ajoute klarifikasyon pou deklarasyon de baz sa a lè yo klèman defini ansèyman espesyalize kòm:

> *"adapte, selon bezwen yon elèv ki kalifye selon pati sa a, mattyè, metòd, oswa fason yo transmèt ansèyman (i) pou abòde bezwen patikilye timoun nan genyen ki se rezilta andikap li a; e (ii) pou asire timoun nan ka pwofite pwogram jeneral la, yon fason pou timoun nan ka atenn nivo edikatif yo nan jiridiksyon òganizasyon piblik ki aplikab pou tout timoun" (34 CFR 300.39(b)(3) nan Tit 34, Kòd Regleman Federal [CFR]).*

Teyori kle yo nan regleman yo gen ladan yo lefètke SDI ekilibre ant nivo standa tout timoun bezwen atenn, ak bezwen aprantisaj patikilye elèv andikape genyen yo. Chanjman yo gen ladan yo:

- Matyè, sètadi lekti oubyen aktivite presi elèv yo patisipe ladan yo. Sepandan, note sa, chanje matyè pa senpleman vle di diminye nivo standa a.

•Metòd, sètadi apwòch presi yo itilize pou anseye. Yo idantifye anpil direksyon sou apwòch ansèyman. Kèk egzanp sèlman gen ladan yo ansèyman dirèk (yon apwòch anseyan espesyal abitye avè l ki jeneralman efikas pou elèv ki gen andikap), bay modèl (sa efikas tou pou elèv ki gen andikap), ak entèvansyon ki itilize pwoblèm oubyen pratik.

• Fason yo anseye, sètadi yon fason endividyèl, nan ti gwoup, nan gwo gwoup, ak tout klas la, nan edikasyon jeneral, nan klas edikasyon espesyal, elatriye. Fason yo anseye a ka fè referans ak gwosè gwoup la, ki kote ansèyman an pase, ak nenpòt lòt kondisyon yo dwe abòde pou maksimize sa elèv yo aprann (Friend, 2018).

3.4 Lòt Sèvis

Distri a ka bay lòt sèvis tou lè sa apwopriye, yon fason pou elèv la ka pwofite pwogram edikasyon jeneral la e patisipe ladan l. IDEA site sa k vin apre yo kòm lòt sèvis ki posib:

- Sèvis pawòl ak langaj ak sèvis odyoloji
- Terapi pwofesyonèl ak terapi fizik
- Terapi konsèy
- Sèvis travay sosyal

3.5 Teknoloji Asistans

IDEA egzije Ekip pou yo konsidere bezwen yon elèv ka genyen pou sèvis ak aparèy teknoloji asistans depi gen yon Pwogram Edikasyon Pèsonèl ki fèt. Anplis de sa, Lwa sou Ameriken ki gen Andikap la (ADA) ak Seksyon 504 nan Lwa Reyablitasyon an egzije lekòl bay elèv andikape teknoloji asistans, si yo bezwen l pou asire tout elèv jwenn menm aksè ak pwogram ak sèvis lekòl la. Toude lwa sa yo mande tou pou lekòl yo bay materyèl ansèyman nan yon fòma elèv ki bezwen yo ka aksede (MA DESE, Aksè ak Ansèyman, 2012).

IDEA defini Teknoloji Asistans kòm "nenpòt objè, aparèy, oswa sistèm aparèy, kit ou ka jwenn li achte, ki yo modifye l, ki yo pèsonalize l, ki sèvi pou ogmante, konsève, oubyen amelyore kapasite yon timoun andikape genyen pou l fonksyone. Ekspresyon an pa gen ladan l yon aparèy medikal yo mete anndan moun nan pa mwayen yon operasyon, oswa lè yo ranplase yon aparèy konsa." (IDEA, 2004).

Ekip Teknoloji Asistans lan pou Cambridge Public Schools disponib pou konsilte avèk pèsonèl konsènan elèv. Nan chak reyinyon IEP, Ekip la reflechi sou teknoloji asistans. Paran ak/oswa pèsonèl ka rekòmande yon evalyasyon fòmèl sou baz bezwen elèv la genyen.

3.6 Transpò

Ekip la dwe detèmine si elèv la bezwen transpò poutèt andikap li a, yon fason pou l benefisye edikasyon espesyal. Si elèv la pa bezwen transpò akoz andikap li a, y ap ba l transpò menm jan ak jan yo bay elèv ki pa andikape transpò. Si Ekip la detèmine andikap elèv la egzije transpò oubyen aranjman transpò espesyalize pou l ka benefisye edikasyon espesyal, y ap note li bezwen edikasyon espesyal nan pwogram edikasyon pèsonèl elèv la epi distri a pral fè aranjman pou l bay transpò espesyal sa a.

Lè yo depoze yon elèv lakay yo oubyen nan lòt andwa apre lekòl, paran/responsab oswa yon adilt yo otorize dwe prezan pou resevwa timoun nan k ap soti lekòl. Pou w jwenn plis detay sou transpò, tanpri, gade Politik Transpò Distri Lekòl Piblik Cambridge la.

3.7 Sèvis Tranzisyon

- Tranzisyon Segondè (selon definisyon MA DESE): Pou elèv Massachusetts k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, tranzisyon segondè kòmanse lè yo gen 14 ane (oubyen anvan sa si ekip IEP a dakò sou sa). ***Note sa: Easy IEP oblije Ekip yo kreye yon plan tranzisyon si elèv la pral gen 14 ane pandan peryòd nouvo IEP a.*** Apati 14 ane jiskaske yo gradye oswa vin gen 22 ane, elèv ki gen IEP resevwa sèvis tranzisyon nan men distri lekòl piblik yo. Sèivs tranzisyon defini nan lalwa federal (Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape a, oswa IDEA) kòm yon "seri aktivite kowòdone... ki fèt pou fè

pati yon pwosesis ki santre sou rezilta,... pou fasilite chanjman elèv la pral fè lè l soti lekòl e antre nan aktivite apre lekòl segondè." Sèvis tranzisyon baze sou bezwen endividyèl elèv la genyen e yo teni kont de pwen fò li genyen, pèfòmans li, ak sa k enterese l. Sèvis sa yo ede jèn adilt pou yo viv, travay, patisipe nan kominote a, e fè plis edikasyon oubyen fòmasyon, antanke yon moun ki pi endepandan posib lè yo kite lekòl segondè.

- Planifikasyon Tranzisyon: Yo dwe ranpli yon Fòmilè Planifikasyon Tranzisyon nan reyinyon IEP a pou chak elèv ki pral vin gen 14 ane pandan peryòd nouvo IEP a. ***Note sa: Easy IEP oblije Ekip kreye yon plan tranzisyon si elèv la pral gen 14 ane pandan peryòd nouvo IEP a.*** Se yon dokiman yo pral egzamine e revize nan chak reyinyon ànyèl IEP yo fè pou elèv la. Yo dwe itilize l kòm yon zouti pou devlope deklarasyon sou plan elèv la ann amoni ak plan Ekip la gen pou elèv la epi pou idantifye konpetans esansyèl elèv la gendwa bezwen pou l tranzisyone apre lekòl segondè. Pandan planifikasyon tranzisyon, bon prensip mande pou ekip l reflechi sou ansèyman, travay, ak eksperyans elèv la fè nan kominote a/viv antanke adilt apre lekòl, jan yo di sa nan Fòmilè Planifikasyon Tranzisyon an (TPF).

- Elèv ki gen ant 18 ak 21 ane: Distri lekòl la dwe asire gen opsyon ki disponib pou elèv ki gen ant 18 ak 22 ane, oswa jiskaske yo gradye lekòl segondè. Opsyon sa yo dwe gen ladan yo edikasyon k ap kontinye, devlope kapasite pou aksede sèvis nan kominote a, devlope kapasite pou viv yon fason endepandan, devlope kapasite pou jere bezwen medikal poukont li, ak devlope konpetans ki nesesè pou chèche, jwenn, e kenbe travay. Pwogram konsa gendwa fokis sou edikasyon ak/oswa travay.

- Resous Tranzisyon
    - Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal la gen anpil resous, san wete bwochi, sit wèb, ak yon lis resous sou entènèt nan lyen sa a: (https://fcsn.org/linkcenter/transition-resources/).

    - Sit wèb MA DESE a gen yon paj sou tranzisyon segondè: http://www.doe.mass.edu/sped/secondary-transition/

3.8 Parapwofesyonèl

Direksyon pou Konsidere Parapwofesyonèl 1:1

Ekip Pwogram Edikasyon Pèsonèl la (IEP) pran tout desizyon konsènan sèvis yon elèv, pwogram li, ak plasman l, san wete desizyon pou afekte yon parapwofesyonèl ak yon elèv presi. Ekip la pran desizyon an sèlman sou baz bezwen aprantisaj patikilye elèv la genyen, selon ransèyman evalyasyon yo ak obsèvasyon. OSS bay fòmasyon ak direksyon konsènan sipò parapwofesyonèl bay yon fason kontinyèl, jan anpil egzijans nan lalwa mande sa.

Ekip k ap reflechi sou yon parapwofesyonèl 1 a 1 dwe devlope yon objektif konplè ki fasilite endepandans yon elèv. Enkyetid yo te rechèche konsènan move itilizasyon parapwofesyonèl montre tou ki jan yon 1 a 1 gendwa deranje enklizyon yon elèv antanke yon manm klas la k ap patisipe pou yon peryòd de tan. **Pwosesis chak Ekip suiv pou l pran desizyon dwe evalye bezwen patikilye elèv la genyen, li dwe egzamine resous lekòl la, epi l dwe devlope yon plan pou diminye parapwofesyonèl la.**

Konsiderasyon Espesyal si Li Nesesè pou Mete Daypè e/oswa Ede l Itilize yon Twalèt Parapwofesyonèl ki afekte prensipalman nan yon kindègadenn, yon jinyò kindègadenn, oubyen yon klas preskolè, oswa ki afekte prensipalman nan yon klas ki bezwen yo regilyèman bay swen netwayaj pou elèv, pral resevwa yon salè anplis selon kontra ki fèt ant Cambridge Public Schools ak Cambridge Education Association Unit E ki anvigè.

Si yon elèv ki pral fè kindègadenn, jinyò kindègadenn, oswa preskolè bezwen yo ede l itilize yon twalèt e/oswa daypè, e si parapwofesyonèl la pa resevwa okenn fòmasyon pou sa, Prezidan Ekip la pral fè Kowòdonatè OSS la konn sa tousuit. Kowòdonatè OSS la pral pwograme yon jou ak yon lè pou parapwofesyonèl jwenn fòmasyon sou pwosesis sa yo, yon fason pou l ka alawotè sitiyasyon an.

3.9 Ane Lekòl Pwolonje (ESY)

Fòk yo gade bezwen chak grenn elèv anrapò ak sèvis Ane Lekòl Pwolonje (ESY), yon fason pou anpeche yo fè bak twòp. Se pa tout elèv ki bezwen sèvis lekòl pwolonje, e se pa tout elèv ki bezwen sèvis lekòl pwolonje k ap bezwen menm sèvis pwolonje yo. ESY se yon okazyon pou ede elèv kontinye metrize konpetans ak objektif ki enpòtan ki nan IEP yo, sa yo te aprann pandan ane lekòl la. Desizyon an dwe baze sou plizyè kritè, pa sèlman sou si yo pral fè bak; yo dwe konsidere l kòm yon teknik pou minimize kantite konpetans li genyen ki pèdi.

Nan reyinyon IEP ànyèl elèv la, Ekip la dwe reflechi sou bezwen elèv la genyen pou ESY epi ekri desizyon yo nan IEP a. An jeneral, Ekip IEP yo dwe pran desizyon sou ESY la osito sa posib pandan peryòd IEP a. Pwogram ESY yo dwe yon kontinyasyon byenfè edikatif timoun nan jwenn pandan yon ane lekòl, e li dwe ann amoni ak objektif ki nan IEP timoun nan.

Pwogram ESY yo gendwa gen ladan yo edikasyon espesyal ak/oswa lòt sèvis e yo dwe presize sa nan IEP a. Sèvis ESY yo gendwa yon tijan diferan parapò ak IEP a, paske sèvis ESY fèt yon fason pou anpeche elèv la fè bak twòp.

Pwogram ESY yo gendwa gen ladan yo yon pwogram rekreyasyon. Fòk gen yon objektif pou rekreyasyon nan IEP a.

3.10 Detèmine yon Elèv Pa Kalifye pou Edikasyon Espesyal

Ekip la gendwa tire konklizyon elèv la pa kalifye pou sèvis edikasyon espesyal sou baz regleman eta yo ak regleman federal yo. Kit yo Detèmine li Pa Kalifye pou edikasyon espesyal nan yon reyinyon Ekip k ap reyini pou detèmine si l kalifye pou premye fwa a, kit se pou detèmine si l kontinye kalifye (apre yon re-evalyasyon), fòk distri lekòl la aji ann amoni ak sèten regleman eta ak regleman federal.

Yo gendwa Detèmine yon elèv Pa Klaifye apre yon premye evalyasyon oswa apre yon re-evalyasyon. Lalwa federal egzije lè yon elèv te kalifye e li t ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, pou yo Detèmine li Pa Kalifye, fòk yo fè yon **evalyasyon konplè** anvan, ki atenn tout egzijans yo ki nan lalwa eta a ak lalwa federal la.

Yon pati nan pwosesis Ekip la:

- Yon fèy ki gen chema (**fòmilè ED 1**) sèvi pou reponn 3 kesyon sou kalifikasyon yo. Yo site sou fòmilè sa a kategori andikap yo ansanm ak kesyon sou bonjan pwogrè ak si l bezwen ansèyman espesyalize. Si, pandan reyinyon Ekip la, yo pa detèmine elèv la kalifye pou sèvis edikasyon espesyal, fòk yo ranpli Fòmilè N2, Anons sou Refize Distri Lekòl la Refize Aji a, sofi si elèv la te deja ap resevwa sèvis edikasyon espesyal. Nan ka sa a, se Fòmilè N1 an pou yo itilize.

Si, apre yon bonjan egzamen de tout enfòmasyon sou evalyasyon yo, san wete egzamen yo, Ekip la Detèmine li Pa Kalifye, fòk distri lekòl la bay paran yo yon anons ekri selon 603 CMR 28.05(2)(2) nan yon espas **10 jou lekòl depi reyinyon Ekip la**. Fòk anons ekri a gen sa yo mande nan 34 CFR 300.503. Egzijans federal sa a mande pou anons ekri a gen deklarasyon sa yo:

1. Dekri aksyon distri a pwopoze fè oswa refize fè;

2. Esplike poukisa distri a pwopoze aksyon an oswa refize aksyon an;

3. Dekri nenpòt lòt opsyon distri a te konsidere ak rezon ki fè yo te rejte opsyon sa yo;

4. Dekri chak pwosesis evalyasyon, egzamen, dosye, oswa rapò distri a te itilize kòm yon baz pou aksyon yo pwopoze oswa rejte;

5. Dekri nenpòt lòt faktè ki gen rapò ak pwopozisyon distri a oswa ak refize l refize aji a;

6. Esplike pwosedi pwoteksyon yo; epi

7. Sous paran an ka kontakte pou l jwenn èd pou l konprann pwosedi pwoteksyon yo.

Epi, fòk distri lekòl la mete nan anons ekri a yon deklarasyon ki fasil pou moun konprann ki fè konnen paran yo gen dwa pou yo fè apèl desizyon distri lekòl la te pran an.

Dokiman ki Obligatwa

- Fòk yo voye N 1 ak N 2 pa lapòs ansanm ak bwochi Dwa Paran an selon egzijans federal yo.

Lè yon Ekip Detèmine yon elèv Pa Kalifye apre yon Premye Evalyasyon:

- ***Lèt anons lan dwe gen ladan l rekòmandasyon ekri sou sèvis sipò ansèyman ki gendwa disponib pou konble bezwen elèv la genyen yo***
    - Sèvis yo gen ladan yo lòt ansèyman nan lekti ak matematik, sèvis pou Elèv k ap Aprann Anglè, sipò konpòtman pozitif atravè lekòl la, sèvis konsiltasyon pwofesè yo gendwa bay, ak/oswa lòt pratik edikatif efikas.

- Itilize Fòmilè N 2 / Anons sou Refize Distri Lekòl la Refize Aji.
    - Fè konnen distri a refize bay sèvis edikasyon espesyal e li pral kontinye sèvi elèv la nan pwogram edikasyon jeneral la.

3.11 Refize Sèvis

Si, apre yon paran fin aksepte sèvis IEP, li chwazi refize sèvis sa yo, paran an (yo) dwe **avize Prezidan Ekip la alekri (avèk yon siyati ki valid).**

Gendèfwa, yon paran ka pa dakò ak aksyon Ekip/distri a pwopoze a. Si yon paran rejte tout yon IEP yo pwopoze, oswa si l rejte kèk pati ladan l, **y ap voye paj siyati yo bay Biwo Apèl Edikasyon Espesyal la (BSEA) nan yon espas 5 jou depi yo te jwenn repons paran an.**

4.0 Plasman

Nan reyinyon Ekip la, apre yo fin devlope IEP a, Ekip la idantifye ki bezwen elèv la genyen, ki kalite sèvis li bezwen, ak si sèvis sa yo ka fèt nan yon klas edikasyon jeneral avèk èd ak/oswa sèvis siplemantè, oswa si se nan yon klas ki apa pou yo fèt. Ekip la konsidere tout aspè ki gen nan pwogram edikasyon espesyal yo pwopoze pou elèv la, selon IEP li a, epi yo detèmine plasman ki apwopriye pou l resevwa sèvis li yo.

Si yon desizyon sou plasman pa posib nan reyinyon IEP a, fòk yo fè yon lòt reyinyon nan yon espas 10 jou lekòl pou pale sou ki opsyon ki dispnob.

4.1 Anviwònman ki Mwens Kwense (LRE)

Biwo Sèvis Elèv la (OSS) devlope 2 fòmilè ki fèt nan objektif pou dekri bezwen ki gen pou ogmante nivo sèvis edikasyon espesyal yon elèv resevwa.

Yo mande Prezidan Ekip la ak/oswa Lyezon Edikasyon Espesyal la pou yo itilize yon fòmilè OSS bay kòm yon dosye kontinyèl sou sèvis elèv la, èd ak sèvis siplemantè li, modifikasyon l, nivo bezwen l, elatriye. Ou ka jwenn yon kopi dijital sou sit wèb OSS la nan ribrik “Teacher Resources” la (Resous pou Pwofesè).

Anplis, lè yo rekòmande yon elèv pou plasman nan yon klas ki apa, nan yon Lekòl Jounen Prive, oswa nan yon Lekòl Rezidansyèl, fòk yo ranpli pati Pwofil Elèv la, apre sa pou yo bay Sipèvizè OSS ki konsènen an, epi fòk yo ba li l ansanm ak Pake IEP elèv la.

OSS la ap tabli chanjman nan pwosesis ki vin apre yo pou asire yo bay Dokiman LRE ki apwopriye a pou yon elèv yo plase oswa rekòmande pou l plase nan yon klas ki apa, nan yon Lekòl Jounen Prive, oswa nan yon Lekòl Rezidansyèl.

Tanpri, met sa nan tèt ou, Prezidan Ekip yo oblije egzamine tout dosye OSS elèv la nèt pou l ka ranpli Fòmilè Dokiman LRE yo an detay e avèk presizyon.

4.2 Diferan Sèvis Edikasyon Espesyal yo

Diferan Sèvis Edikasyon Espesyal yo se yon seri sèvis ki la pou konble bezwen endividyèl yon elèv genyen ki gen ladan yo:

- Sèvis Konsiltasyon pou bezwen akademik ak/oswa lòt domèn li gen bezwen
- Sèvis Dirèk nan yon kad edikasyon jeneral oswa sèvis dirèk andeyò klas edikasyon jeneral la
- Sèvis Dirèk nan yon Pwogram ki Apa
- Lòt Sèvis

Diferan sèvis yo fonksyone yon fason ki swa. Sèvis ak fason yo bay sèvis yo baze sou bezwen yon elèv genyen e yo ka bay yo atravè yon seri kad edikasyon. Kad edikasyon yo sèvi kòm andwa kote yo bay sèvis yo.

Modèl piramid diferan sèvis yo montre ki jan nivo sipò yon elèv bezwen an gendwa monte oubyen desann, selon bezwen elèv la genyen an.



4.3 Jistifikasyon pou l Pa Patisipe nan Pwogram Edikasyon Jeneral la

Fòk manm Ekip yo klèman idantifye ki lè y ap retire yon elèv nan klas edikasyon jeneral la epi fòk yo bay bonjan rezon ki fè y ap retire l. Ekip yo pral detounen lespri ki gen dèyè IDEA a si jistifikasyon yo santre sou poukisa distri lekòl la pa ka bay sèvis yo nan anviwònman edikasyon jeneral la. Pa egzanp, klas edikasyon jeneral la pa ase gwo pou edikasyon espesyal bay ansèyman espesyalize nan lekti, oswa pwogram terapis langaj la pèmèt sèlman sesyon nan ti gwoup. Retire yon elèv pou sèvis pou rezon sa yo pa byen jistifye.

Pandan y ap pale sou fason y ap bay sèvis yo, yo dwe ekri jistifikasyon an nan IEP elèv la. Jistifikasyon an dwe fè referans ak nenpòt edikasyon espesyal ak lòt sèvis yo rekòmande ki pral fèt andeyò klas edikasyon jeneral la, olye l fè referans ak plasman.

4.3 Pwogram ki Apa

Ekip la dwe panse ak egzijans ki gen rapò ak plasman yo nan anviwònman ki mwens kwense a. Ekip yo bezwen sonje yo pa dwe retire yon elèv nan klas la senpleman paske bezwen gen modifikasyon nan pwogram nan (34 CFR 300.550).

Ekri IEP a pou abòde bezwen elèv la.

Chwazi plasman an pou l tonbe daplon ak IEP a.
(MA DESE, 2011)

Anvan yo panse ak plasman nan yon pwogram ki apa, Ekip IEP a pral egzamine tout pati ki nan IEP elèv la pou detèmine si yo te fè tout efò pou soutni elèv la nan klas edikasyon jeneral la. Refleksyon sa yo dwe gen ladan yo:

- Analize bezwen l gen kounye a anrapò ak ansèyman ak pwogramasyon
- Egzamine resous ki gen kounye a (pa egzanp, entèvansyon, pèsonèl, pwogram lekti/matematik, elatriye)
- Bay pèsonèl la plis fòmasyon pou yo ka sèvi elèv yo ann amoni ak IEP yo. Fòk yo bay pèsonèl ki apwopriye yo dokiman sou konsiltasyon ak sipò (pa egzanp, anseyan jeneral, lòt founisè sèvis, ak administratè).
- Sipò pou espesyalis nan distri a
- Fè yon Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl (FBA)
    - Fòmasyon pou pèsonèl la sou kòman pou yo aplike yon plan konpòtman
- Ogmante itilizasyon teknik pou rezoud pwoblèm ki baze sou done, yon fason pou ranfòse sipò akademik e konpòtmantal
- Egzamine istwa edikasyon elèv la

Ekip IEP a gendwa rekòmande plasman nan yon kad ki pi kwense sèlman si:

- Premye objektif yo te apwopriye, men karakteristik ak gravite andikap la te anpeche l atenn yo nan anviwònman edikasyon jeneral la.
- Yo pa ka konble bezwen akademik elèv la genyen yo ankò nan yon opsyon ki mwens kwense, selon rapò pwogrè yo fè chak peryòd yo.
- Konpòtman elèv la kote l sere oubyen eksprime sa l santi yo tèlman deranjan, sa vrèman detounen edikasyon lòt elèv yo, menm lè gen èd ak sèvis siplemantè.
- Yo bay yon lòd pwosesis pou tout bagay fèt yon fason ki dwat.

4.4 Plasman Andeyò Distri a (OOD)

Si Ekip la afekte elèv la nan yon plasman andeyò distri a, Ekip la pral di ki baz konklizyon l tire a ki di edikasyon elèv la nan yon anviwònman ki mwens kwense avèk èd ak sèvis siplemantè pap ka fèt nan yon nivo satisfezan. Yonfwa yo fin ekri IEP a e paran an siyen paj plasman an, distri lekòl la gen responsablite pou l voye 3 a 6 pake. **Ekip la pa ka voye kèlkeswa pake san siyati paran an ki endike li aksepte paj Plasman an.** Distri a gendwa konsidere youn nan plasman paran an sijere pami plasman yo, depi lekòl la ranpli kritè yo kòm yon lekòl 766 e li tonbe daplon ak pwofil elèv la. Distri a gen responsablite pou l asire omwen yon reprezantan distri a asiste chak vizit lekòl pandan pwosesis plasman an.

Lè Ekip la idantifye yon plasman andeyò distri a, desziyon an pral asire plasman elèv la pi pre kay elèv la ki posib.

4.5 Sèvis Ansèyman nan Kay la:

Ansèyman nan kay la gendwa yon rekòmandasyon pwogram IEP ki apwopriye pou yon elèv ki gen yon kondisyon medikal/fizik oswa yon andikap emosyonèl/sikolojik/konpòtmantal ki grav ki anpeche l asiste lekòl pou yon bon bout tan. Fòk medsen an ranpli fòmilè DESE ofisyèl la.

Apre sa, si Ekip la kwè ansèyman nan kay la gendwa yon rekòmandasyon ki apwopriye, yo dwe depoze yon referans bay Biwo Sèvis Elèv la anvan reyinyon IEP a epi konsilte avèk Kowòdonatè OSS lekòl la.

Si elèv la pral andeyò lekòl la pou 60 jou oubyen plis, fòk Ekip la reyini e detèmine ki chanjman k ap bezwen fèt nan IEP elèv la.

4.6 Laj Majorite

Regleman edikasyon espesyal federal yo egzije omwen yon ane anvan elèv la vin gen 18 ane, fòk yo fè elèv la **ak** paran an konnen ki dwa ki pral transfere soti sou paran an pou l ale sou elèv la jou fèt 18 ane elèv la. Gade 34 CFR §§300.320(c) ak 300.520.

Fòk anons yo bay ni paran an ni elèv la esplike klèman tout dwa paran genyen selon lwa edikasyon espesyal yo pral transfere sou elèv ki gen 18 ane a epi paran an pral kontinye resevwa tout anons obligatwa yo nan men distri lekòl la e l ap gen dwa pou l gade dosye elèv la, men l pap pran desizyon sou edikasyon espesyal ankò pou elèv la ki adilt. *Gade tou* regleman edikasyon espesyal eta a nan 603 CMR 28.07(5).

Lè elèv la vin gen 17 ane, distri a pral voye pa lapòs yon kopi ànyèl Anons pou Paran sou Pwosedi Pwoteksyon yo (PNPS) bay paran an ak elèv la, ansanm ak yon lèt ki di elèv la pral gen tout dwa yo dekri nan PNPS la yonfwa l vin gen 18 ane. Byenke pa gen okenn egzijans pou elèv la oubyen paran an di yo resevwa anons lan, li gendwa saj pou yo note yo te voye PNPS la ak lèt la bay ni paran an ni elèv la.

Distri lekòl la gendwa itilize reyinyon Ekip IEP yo fè pou elèv ki pral gen 17 ane a kòm yon okazyon pou yo bay anons lan e pou yo reponn kesyon paran an oswa elèv la gendwa genyen. Sepadan, si distri a chwazi itilize reyinyon IEP a pou yo bay anons sa a, fòk li gen lòt pwosesis anplas pou asire ni paran an ni elèv la resevwa anons la sizoka youn ladan yo absan nan reyinyon IEP a.

Anons pa obligatwa si dwa pou pran desizyon an pap transfere sou elèv la lè l gen 18 ane. Sa pral fèt konsa sèlman si yon tribinal ki gen jiridiksyon pou sa detèmine elèv la pa konpetan e li nome paran elèv la oswa yon lòt moun kòm responsab li avèk otorite pou l pran desizyon pou elèv la, san wete desizyon sou edikasyon l. Menmsi paran an di li gen entansyon ale nan tribinal oubyen si yon moun nome responsab tanporèman, sa pa libere distri lekòl la de responsablite l genyen pou l anonse ni elèv la ni paran l konsènan transfè dwa a. Fòk Ekip la fè yon ti pale ki gen ladan l zafè siyen fòmilè Laj Majorite a ki mande siyati ak yon temwen.

5.0 Reyinyon IEP ak Bay IEP a

5.1 Premye Reyinyon IEP a

Nan yon espas 45 jou lekòl depi paran an te bay konsantman ekri pou yo fè yon premye evalyasyon oswa yon re-evalyasyon, distri lekòl la pral fè yon reyinyon Ekip pou egzamine ransèyman evalyasyon yo e pou detèmine si elèv la bezwen edikasyon espesyal ak/oswa lòt sèvis. Si sa nesesè, Ekip la pral devlope yon IEP ann amoni ak lwa federal yo ak lwa eta yo. Nan fen reyinyon an, y ap bay paran an (yo) yon rezime IEP yo pwopoze a.

5. 2 Reyinyon Evalyasyon Ànyèl

Dokiman yo pou yon Reyinyon Evalyasyon Ànyèl dwe reflete pwogrè elèv la fè anrapò ak objektif IEP aktyèl yo. Kidonk, Ekip la pral vle gade rapò pwogrè ki pi resan yo pandan reyinyon evalyasyon sa yo. Sepandan, Reyinyon Evalyasyon Ànyèl la pap janm ranplase rapò pwogrè ekri ki obligatwa yo, menmsi 2 aktivite sa yo tonbe nan menm lè.

Nan Reyinyon Evalyasyon Ànyèl la, Ekip la ta dwe egzamine pwogrè elèv la fè anrapò ak objektif ànyèl li te gen nan IEP anvan an, ajiste IEP a nan nepòt pati sa nesesè pou asire enfòmasyon an ajou, e ajoute nouvo objektif ak aranjman ki ajou/revize pou pwochèn peryòd IEP a. Objektif ànyèl pou chak peryòd IEP dwe klèman montre pwogrè k ap fèt etap pa etap nan rezilta aprantisaj elèv la, ansanm ak pwogrè nan sa l ap aprann.

5.3 Reyinyon Re-Evalyasyon

IDEA presize yon re-evalyasyon dwe fèt omwen chak 3 ane oswa si yon paran mande yon evalyasyon. Nan reyinyon Ekip re-evalyasyon an, apre Ekip la fin detèmine li gen andikap, li dwe deside si elèv la t ap kontinye fè pwogrè nan lekòl la san yo pa kontinye sèvis edikasyon espesyal. Yo pa dwe jije pwogrè yon elèv fè sèlman sou baz objektif IEP li atenn yo ak mwayèn nan kanè.

Lè yo refere yon elèv pou yon re-evalyasyon, distri lekòl la, selon regleman federal, dwe dabò egzamine ransèyman sou evalyasyon ki te deja la yo. Si yo pa bezwen plis enfòmasyon pou detèmine si elèv la toujou kalifye, distri lekòl la gendwa mande paran an renonse sèten kalite evalyasyon. Paran an gendwa swa dakò renonse evalyasyon an (yo), oswa li gendwa chwazi pou evalyasyon yo fèt menm lè yo te rekòmande yon renonsyasyon.

5.4 Chanjman nan IEP a

Lè y ap fè chanjman nan IEP yon elèv apre reyinyon ànyèl la, Ekip la fè yon reyinyon pou chanje oubyen modifye IEP elèv la. Men kèk sikonstans lè yon chanjman IEP konn itil:

- Fè mizajou nan deklarasyon sou nivo aktyèl, objektif, oswa rapò pwogrè
- Pote chanjman nan evalyasyon eta yo ak/oswa evalyasyon distri yo
- Fè mizajou nan plan tranzisyon
- Pote chanjman nan èd ak sèvis seplemantè yo

Y ap toujou voye chanjman IEP yo lakay paran an pou l siyen l e remèt li. Y ap bay paran an (yo) yon kopi revize IEP a avèk chanjman yo tou ladan l. Yo pa dwe itilize yon chanjman IEP pou fè gwo chanjman nan IPE a (pa egzanp, chanje plasman, chanje kategori andikap, elatriye).

5.5 Bay IEP a

Ann amoni ak regleman sou Edikasyon Espesyal Massachusetts 603 CMR 28.05 (7), tousuit apre yon reyinyon Ekip Pwogram Edikasyon Pèsonèl (IEP), distri a oblije bay paran an IEP yo pwopoze a. Yo entèprete "tousuit apre" kòm 3 a 5 jou apre reyinyon Ekip IEP a.

Sepandan, an 2006, Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts la (DESE) te voye yon nòt Direksyon Teknik bay distri lekòl yo ki te di sa:

> *Pou kounye a, pifò distri gen teknoloji ak resous ki fè l posib pou bay paran an omwen pati sèvis kle yo nan IEP a pandan yo kite reyinyon Ekip kote yo t ap devlope IEP a. Yo rele sa yon "rezime". Omwen, fòk rezime sa a sou desizyon ak akò yo te fè pandan reyinyon Ekip la gen ladan l:*

(a) Yon tablo sou sèvis y ap bay ki fin ranpli ki dekri kalite ak kantite sèvis edikasyon espesyal ak/oswa lòt sèvis distri a pwopoze yo, ak

(b) Yon deklarasyon sou objektif prensipal yo ki gen rapò ak sèvis sa yo. Lefètke yo bay paran an rezime sa a nan fen reyinyon Ekip la, nan opinyon Depatman an, dstri a suiv egzijans pou l bay paran an desizyon kle yo ak akò yo tousuit. **Apre sa, distri a pa gen dwa pran plis pase 2 semèn (sa mache ak 10 jou lekòl yo te konn di a) pou prepare IEP konplè a pou paran an siyen e pou mete nan dosye elèv la (ni lakay la, ni nan lekòl la).**

Sou baz Direksyon Teknik sa a, OSS adopte e mandate itilizasyon Fòmilè Rezime Reyinyon Ekip la ki ranpli egzijans yo, san wete enfòmasyon yo pale pi wo a, epi l bay distri a okazyon pou l note lòt enfòmasyon ak diskisyon enpòtan.

Itilizasyon Fòmilè Rezime Reyinyon Ekip la bay distri a 10 jou travay pou l bay paran an IEP konplè a. Sa vle di tout manm ekip yo ki bezwen ranpli e ajoute enfòmasyon nan IEP a dwe fè sa osito sa posib apre reyinyon Ekip la, oswa omwen 6 a 8 jou nan 10 jou lekòl yo egzije a. Sa pèmèt Sikològ/Prezidan Ekip la, Responsab Ka a, oswa Lyezon OSS la suiv egzijans 10 jou a.

5.6 Siveye Pwogrè/Rapò Pwogrè

Se pou yo voye rapò pwogrè lakay elèv yo chak lè yo voye rapò sou pwogrè elèv ki pa gen IEP.

Lekòl Piblik yo pral voye rapò pwogrè sou IEP lakay elèv yo anviwon menm lè yo bay kanè.

Selon regleman Massachusetts ak regleman federal yo, **fòk rapò pwogrè yo reponn kesyon ki vin apre yo:**

- Ki pwogrè elèv la fè anrapò ak objektif ànyèl li yo? **Yo dwe itilize mezi pou objektif yo (ransèyman yo ka rapòte antèm de kantite). Anplis de sa, Ekip yo gendwa vle panse ak yon lis bagay pou verifye anrapò ak konpòtman elèv la.**
- Èske pwogram nan sifi pou pèmèt elèv la atenn objektif ànyèl li yo disi fen peryòd IEP a? (sa soti nan gid pwosesis IEP a, 2001).

Yo dwe bay paran rapò pwogrè pou elèv ki kalifye yo omwen chak lè yon bay kanè oubyen kanè pou elèv ki pa gen andikap (603 CMR 28.07 (3)). **PA** itilize mezi ki baze sou santiman pèsonèl (pa egzanp, ti istwa).

Pwogram pou Rapò Pwogrè pou CRLS (Cambridge Rindge and Latin School)/ Lekòl Segondè Pwolonje
Pwogram pou Rapò Pwogrè pou Lekòl Siperyè (6yèm a 8yèm Ane)
Tout founisè sèvis pou CRLS/Lekòl Segondè Pwolonje ak Lekòl Siperyè yo pral resevwa enstriksyon nan men Desiree Phillips, Kowòdonatris Lekòl Siperyè ak Lekòl Segondè OSS la, konsènan Peryòd Rapò Pwogrè pou elèv k ap fè ant 9yèm ak 12yèm ane yo ak ant 6yèm ak 8yèm ane yo.

Pwogram pou Rapò Pwogrè pou Lekòl Elemantè (JK rive nan 5yèm Ane)
Tout founisè sèvis Lekòl Elemantè yo pral resevwa direksyon nan men Doktè Karyn Grace, Kowòdonatris, ak Shelagh Walker, Kowòdonatris, konsènan peryòd rapò pwogrè pou elèv k ap fè ant JK ak 5yèm ane.

Pwogram pou Rapò Pwogrè pou Kòmansman Espesyal
Tout founisè sèvis preskolè yo dwe suiv enstriksyon Shelagh Walker, Kowòdonatris, bay yo.

PWOSESIS OBLIGATWA POU KONTNI AK RESI KI NAN RAPÒ PWOGRÈ EDIKASYON ESPESYAL

1. Fòk rapò pwogrè gen enfòmasyon sou pwogrè elèv la fè anrapò ak objektif IEP ànyèl li yo. Fòk yo abòde chak objektif patikilyèman sou baz ransèyman yo te jwenn ak lòt enfòmasyon ki enpòtan. Kidonk, deklarasyon ki vin apre yo oswa dekarasyon menm jan avè yo ki **pa** gen rapò dirèk ak objektif yo **pa dwe** nan Rapò Pwogrè:

- *John trè janti lè l fè efò.*
- *Mwen renmen travay avèk Kara lè m ap ba l leson*
- *Hui toujou poli e dou.*

Nou vrèman rekòmande rapò pwogrè gen enfòmasyon ki vin apre yo:

- Enfòmasyon presi sou ki sa elèv la ap travay kounye a anrapò ak konpetans
- Site ki sa elèv la akonpli
- Endike nenpot obstak ki anpeche l pwogrese
- Estime ki lè elèv la pral atenn objektif ànyèl li si l kontinye pwogrese konsa

Yon rapò pwogrè ki byen ekri gen yon deskripsyon sou pwogrè elèv la fè ak ajisteman li bezwen fè nan teknik yo anplwaye nan klas la pou abòde nenpòt mank pwogrè.

Rapò Pwogrè dwe gen ladan yo enfòmasyon sou nan ki pwen pwogrè a sifi pou l pèmèt elèv la atenn objektif IEP li yo disi dat Evalyasyon Ànyèl la. Si sanble elèv la pral atenn objektif IEP li yo anvan dat Evalyasyon Ànyèl la, fòk Ekip la reyini ankò pou pale sou chanje objektif IEP yo pou fè yo pi difisil, pou egzamine sèvis y ap bay elèv la, pou chanje IEP a, e pou detèmine posiblite pou yo fè yon re-evalyasyon.

Si pwogrè a pa sifi e kidonk, sanble elèv la pap gentan atenn objektif IEP yo disi dat Evalyasyon Ànyèl la, fòk ekip la reyini ankò pou pale sou ajiste metòd ansèyman yo, sou bay ansèyman ki pi entansif, sou pote chanjman nan IEP a, ak sou detèmine posiblite pou fè yon re-evalyasyon. Selon sitiyasyon an, yo dwe ajoute youn nan deklarasyon sa yo nan Rapò Pwogrè a:

LI PWOBAB L AP ATENN OBJEKTIF LI YO ANVAN DAT EVALYASYON ÀNYÈL LA:
Fòk Ekip la reyini ankò pou pale sou modifye objektif IEP yo, sou si y ap chanje sèvis y ap bay yo, sou si y ap pote chanjman nan IEP a, ak sou posiblite pou yo fè yon re-evalyasyon.

LI PA PWOBAB L AP ATENN OBJEKTIF LI YO DISI DAT EVALYASYON ÀNYÈL LA:
Fòk Ekip la reyini ankò pou pale sou si y ap ajiste metòd ansèyman yo, sou si y ap bay ansèyman espesyalize ki pi entansif, sou si y ap pote chanjman nan IEP a, ak sou posiblite pou yo fè yon re-evalyasyon.

1. Yo dwe devlope Rapò Pwogrè a konsa:

Founisè Sèvis: Antre nan “Wizards Section” nan Easy IEP. Pou chak elèv ki sou kont ou, efase Rapò Pwogrè anvan an. Tape rezime pwogrè aktyèl la. Yonfwa w fin fè rapò a, desann pi ba epi klike sou “Update”, sètadi Mete Ajou (“Just Update the Database” (Mete Baz de Done a Ajou) oswa “Update and Move to the Next Student” (Fè Mizajou epi Avanse nan Pwochèn Elèv la)). ***Pa efase okenn enfòmasyon ou pa t ekri ou menm pèsonèlman.***

Lyezon Edikasyon Espesyal: Yonfwa tout founisè sèvis yo fin ranpli rezime pwogrè pa yo pou elèv ou se lyezon pou li a, desann pi ba epi klike sou “Create Final Progress Report” (Kreye Rapò Pwogrè Final la). Sa dwe enprime Rapò Pwogrè a pou yo ka distribye l ansanm ak kanè elèv la. Rapò Pwogrè a tounen yon dokiman EasyIEP otomatikman. Kidonk, pou chak peryòd Rapò Pwogrè, yo dwe voye yon sèl Rapò Pwogrè ki gen mizajou sou pwogrè nan men chak founisè sèvis ansanm ak kanè elèv la.

5.7 Reta nan Sèvis IEP

Depi paran bay konsantman pou IEP yo pwopoze a, Cambridge Public Schools pa dwe pran tan pou yo aplike edikasyon espesyal ak lòt sèvis yo ki nan IEP yo apwouve a, e yo dwe bay tout sèvis yo te aksepte nan IEP a osito sa posib.

Si gen yon reta nan sèvis y ap bay yo, prezidan Ekip la dwe fè paran an konnen tousuit alekri, nenpòt reta ki gen nan sèvis yo, rezon ki fè gen reta a, ak aksyon distri lekòl la ap poze pou abòde reta nan sèvis lekòl yo, epi l dwe ofri lòt fason pou elèv la atenn objektif li yo nan IEP a. Fòk yo bay paran an anons ekri sa a **nan yon espas 2 jou lekòl depi reta a.** Ansanm ak liv pwosesis sa a w ap jwenn yon chema lèt de baz pou anonse pou reta nan sèvis. Si paran an apwouve plan yo pwopoze sou lòt metòd yo, fòk yo aplike lòt metòd yo depi lè paran an bay apwobasyon l alekri pou plan yo pwopoze a.

Anplis de sa, fòk Ekip la reyini ankò tousuit pou yo pale sou lòt metòd yo, yon fason pou elèv la atenn objektif ki nan IEP yo te aksepte a. Pou Ekip la ka reyini ankò tousuit, prezidan Ekip la dwe kontakte paran an alekri pou detèmine si l dispoze renonse 10 jou yo sipoze ba li lè Ekip la pral reyini an. Si paran an pa dakò renonse peryòd 10 jou a, fòk Ekip la reyini tousuit apre yo ba l anons yo pral reyini nan 10 jou a. Prezidan Ekip la dwe travay avèk paran an pou idantifye yon dat ak lè pou fè reyinyon Ekip la k ap bon pou yo tout.

Apre reyinyon Ekip la, yo dwe bay paran an yon dokiman ki detaye lòt metòd yo pwopoze yo pou elèv la ka atenn objektif ki nan IEP yo te aksepte a. Ekip yo itilize fòmilè ki vin apre yo pou note nenpòt chanjman nan IEP yo:

- Anons sou Aksyon Distri Lekòl la Prevwa Pran N1
- Chanjman Pwogram Edikasyon Pèsonèl IEP A1-IEP A2

Depi l fin resevwa apwobasyon paran an alekri pou chanjman an, Ekip la pral aplike lòt metòd sa yo tousuit.

5.8 Elèv k ap Aprann Anglè (ELL) ki gen yon IEP

Si yon elèv ki se yon ELL gen yon IEP e elèv la pral resevwa sèvis ELL anplis sèvis IEP yo, sèvis ELL yo dwe nan pati Enfòmasyon Anplis la nan IEP a.

Pa Egzanp: N resevwa sèvis ELL 3 fwa chak semèn pou 30 minit andeyò klas edikasyon jeneral la. (Tanpri, endike si sèvis yo fèt anndan ak/oswa andeyò sal de klas la.)

- Espesyalis/Anseyan ELL la dwe envite pou l asiste e patisipe nan reyinyon IEP yo fè pou elèv la.
- Yo dwe site non Espesyalis/Anseyan ELL la sou Fèy Asistans lan (N3A).
- Espesyalis/Anseyan ELL la dwe gen aksè ak "IEP at a Glance" (Koudèy sou yon IEP) pou elèv li sèvi a. Fòk gen dokiman ki siyen.

Yon egzamen nan dosye OSS yo revele IEP gen dokiman ki ajou yo dwe genyen yo lè elèv nan klas Anglè Modifye Toutan (SEI) ak pwofesè klas SEI a envite pou l patisipe nan Reyinyon Ekip IEP yo. Nòt sa a ap pale direkteman ak elèv ELL ki gen IEP ki nan klas edikasyon jeneral.

Si w gen kesyon oubyen enkyetid, tanpri, konatkte Sikològ/Prezidan Ekip la direkteman.

5.8 Patisipasyon nan Reyinyon IEP

Moun ki Oblije Fè Pati Ekip la:

- Paran (yo) elèv ki gen andikap la;
- Yon elèv ki gen 14 ane oubyen plis oblije envite e l dwe nan fèy asistans lan.
- Prezidan Ekip la
- Pa mwens ke yon grenn pwofesè edikasyon jeneral (si timoun nan patisipe nan anviwònman edikasyon jeneral, oswa si petèt sa ka rive);
- Pa mwens ke yon grenn pwofesè edikasyon espesyal;
- Yon moun ki ka entèprete rezilta evalyasyon (Reyinyon pou Premye Evalyasyon oswa pou Re-Evalyasyon)
- Si paran an oswa òganizasyon an mande sa, lòt moun ki gen yon konesans sou elèv la.

Anplis de sa, Ekip la gendwa gen ladan l:

- *Si yo pral pale sou sèvis tranzisyon oswa edikasyon travay, yon reprezantan ki gen konesans sou sèvis sa yo dwe asiste.*
- *Lòt moun manm Ekip yo mande pou yo si yo gen yon konesans oubyen konpetans espesyal konsènan timoun nan.*

Direksyon sou Aplikasyon:

Manm Ekip yo gendwa ranpli plizyè wòl nan reyinyon an. (Pa egzanp, pwofesè edikasyon espesyal la gendwa kapab entèprete rezilta evalyasyon yo tou.)

Elèv ki gen 14 ane oubyen plis

Pa envite yon elèv ki gen 14 ane oubyen plis (oswa ki pral gen 14 ane pandan pwochèn IEP a) nan reyinyon Ekip IEP li a se yon vyolasyon regleman edikasyon espesyal ni eta a ni gouvènman federal la fè, e li mete distri a nan yon eta kote l pa soumèt.

Tousuit, tout elèv ki gen 14 ane oubyen plis dwe site nan Fèy Asistans lan (N3A) ki akonpaye Envitasyon Reyinyon an (N3). Jan w konn sa deja, fòk yo voye Envitasyon Reyinyon an ak Fèy Asistans lan (N3 ak N3A) bay paran an ak elèv la omwen 10 jou anvan reyinyon Ekip IEP a.

Lè l Pa Nesesè pou l Asiste

Yon manm Ekip IEP ki oblije la a (poutèt wòl li jwe a) pa oblije asiste yon reyinyon IEP, swa tout reyinyon an, swa yon pati, si Paran an (yo) ak LEA a dakò, alekri, asistans manm Ekip la pa nesesè paske domèn pa manm nan nan pwogram lekòl la oswa nan lòt sèvis yo pap modifye ni yo pap pale de li.

5.9 Eskize nan yon Reyinyon IEP

Yon manm Ekip IEP a pa oblije asiste yon reyinyon IEP, swa tout reyinyon an, swa yon pati, si paran an (yo) ak reprezantan distri a dakò alekri asistans manm Ekip la pa nesesè paske domèn pa manm nan nan pwogram lekòl la oswa nan lòt sèvis yo pap modifye ni yo pap pale de li.

Lè reyinyon IEP a enplike yon modifikasyon oubyen yon ti pale sou domèn pa manm nan nan pwogram nan oswa lòt sèvis pa l, manm sa a gendwa eskize, swa pou tout reyinyon an, swa pou yon pati, sèlman si:

- Paran an ak reprezantan distri a dakò alekri pou eskize l; epi
- Moun k ap ranpli wòl la bay paran an (yo) ak Ekip IEP a yon kontribisyon ekri konsènan devlopman IEP a anvan reyinyon an.

5.10 Lòt Fason pou Patisipe nan Reyinyon Ekip

Paran ak dsitri a gendwa dakò pou yo itilize lòt fason pou moun patisipe nan reyinyon Ekip la, tankou apèl videyo ak apèl konferans.

5.11 Gradyasyon

Elèv ki nan distri lekòl la ka jwenn swa yon diplòm lekòl segondè, swa yon sètifika akonplisman. Pou yon elèv jwenn yon diplòm Lekòl Segondè, fòk li satisfè tout egzijans yo anrapò ak kou, san wete pase egzamen MCAS yo (Sistèm Evalyasyon Konplè Massachusetts), fè tout èdtan sèvis kominotè yo, ansanm ak nenpòt lòt obligasyon ki gen nan politik lekòl la. Ou ka jwenn egzijans presi nan Liv Mànyèl Politik Cambridge Public Schools ki sou Entènèt la.

Si yon elèv pa ranpli kritè yo pou l jwenn yon diplòm lekòl segondè, y ap resevwa yon sètifika akonplisman.

Elèv ki kalifye pou sèvis edikasyon espesyal kalifye pou yo resevwa yon edikasyon ki gratis e ki apwopriye (FAPE) jiskaske yo gradye avèk yon diplòm oswa jiskaske yo gen 22 ane.

Si elèv la merite yon Detèminasyon Konpetans (CD), li sou wout pou l ranpli tout kritè gradyasyon lokal yo, **epi** lekòl la te bay sèvis IEP elèv yo, san wete tranzisyon segondè, ki ranpli egzijans FAPE yo, **distri a dwe planifye pou l bay yon diplòm lekòl segondè òdinè ki mache ak dat gradyasyon yo prevwa a nan IEP aktyèl li a.**

Fòk distri pèmèt li patisipe nan seremoni gradyasyon.

Si Ekip IEP a detèmine FAPE mande pou elèv la kontinye resevwa plis sèvis tranzisyon ak/oswa lòt sèvis edikasyon espesyal, **menm lè** elèv la merite yon CD e li ranpli tout kritè yo pou l gradye, **Ekip la pral presize nan IEP a sèvis li bezwen yo epi l pral revize dat gradyasyon elèv la avèk yon diplòm lekòl segondè.**

6.0 Disiplin

6.1 Disipline Elèv ki gen Andikap

CPS bay yon seri diferan teknik sosyal e emosyonèl bon kalite pou kreye anviwònman ki fasilite tout elèv aprann. Teknik sa yo gen ladan yo pratik restorasyon, rezolisyon konfli, Entèvansyon Konpòtman Pozitif ak Sipò (PBIS), kontra konpòtman, ak etabli bon rapò avèk elèv.

Sepandan, lè sipò sa yo manke efikas nan minimize konpòtman ki pa kòrèk, lidè lekòl yo gendwa disipline yon elèv ki gen yon andikap. IDEA a ak lalwa ak regleman Massachusetts yo bay lekòl yo direksyon presi anrapò ak pwosesis disiplin pou elèv ki kalifye pou sèvis edikasyon espesyal, yon fason pou pwoteje dwa elèv yo genyen pou yo resevwa yon edikasyon piblik gratis (FAPE).

Yo gendwa retire yon elèv nan pwogram li ye a pou jiska 10 jou lekòl antou chak ane. Yo gendwa retire yon elèv pou yon sispansyon anndan lekòl la, yon sispansyon andeyò lekòl, oswa yo gendwa afekte l nan yon lot kad edikasyon tanporè. Yo gendwa bay elèv sispansyon pou jiska 10 jou antou pandan yon ane lekòl. Sepandan, lè yon elèv jwenn yon sispansyon pou 10 jou youn apre lòt oswa antou pandan yon ane lekòl, yo konsidere sa kòm yon chanjman nan plasman e fòk Ekip IEP a reyini ankò pou fè sa yo rele yon desizyon sou manifestasyon, pou detèmine si move konpòtman elèv la se yon manifestiasyon andikap li. **Tanpri, note sa: nenpòt lè yo retire yon elèv pou yon sispansyon (pa egzanp, voye yon timoun lakay li san yo pa ba li anons sou desizyon an) refize elèv la yon edikasyon piblik gratis.**

Nan yon espas 10 jou lekòl depi desizyon an pou chanje plasman elèv la, administratè lekòl la, paran an, ak lòt manm Ekip IEP ki enpòtan yo dwe egzamine pou deside si konpòtman dwòl la se yon manifestasyon andikap elèv la OSWA si konpòtman an se rezilta dirèk manke lekòl la manke reyisi aplike IEP a.

Pandan reyinyon Ekip kote y ap pran desziyon sou manifestasyon an, manm Ekip yo pral egzamine tout enfòmasyon enpòtan ki nan dosye elèv la, san wete IEP a, pake referans disiplin yo si genyen, obsèvasyon pwofesè te fè, ak nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan paran an bay, yon fason pou detèmine si move konduit la se rezilta andikap la.

Si repons lan se “wi”, konpòtman an se yon manifestasyon andikap la, fòk Ekip IEP a:

- Remèt elèv la nan plasman l te ye anvan an, egzamine analiz konpòtman fonksyonèl la (FBA), epi devlope e aplike yon plan entèvansyon konpòtman (BIP). Si FBA a la depi pase yon ane, Ekip la dwe fè yon nouvo FBA.

- Si yon BIP deja anplas, Ekip la pral egzamine plan an epi modifye l selon bezwen an pou abòde pwoblèm konpòtman an, epi remèt elèv la nan plasman kote yo te retire l la.

Si repons pou toude kesyon yo se "non", konpòtman an pa yon manifestasyon andikap la,

- Lekòl la gen dwa kontinye itilize pwosesis disiplin lekòl la, san wete sispansyon oswa mete elèv la deyò, yon fason pou abòde konpòtman l. Sepandan, fòk distri a kontinye bay elèv la sèvis ki nan IEP li a.

Ekip la gendwa deside pa voye elèv la tounen nan plasman l te ye anvan an si (1) paran an ak distri a dakò sou yon lòt plasman, (2) yon ofisye odisyon bay lòd pou yo ba l yon nouvo plasnman, oswa (3) yo te bay elèv la sispansyon pou sikonstans espesyal (pa egzanp, posede yon zam, posede oswa itilize sistans ilegal, blese yon lòt moun yon fason ki grav).

Nan sikonstans espesyal, pèsonèl lekòl la gendwa retire elèv la e anmenmtan plase l nan yon lòt kad edikasyon tanporè pou jiska **45 jou lekòl**, san yo pa teni kont de si konpòtman an se yon manifestasyon andikap elèv la. Men sikonstans espesyal yo:

1. **Zam:** Si yon elèv pote yon zam oubyen posede yon zam nan lekòl la, sou teren lekòl la, oswa nan yon evènman lekòl la ki anba jiridiksyon yon òganizasyon edikasyon lokal (LEA);

2. **Dwòg:** Si yon elèv fè espre li posede oubyen itilize dwòg ilegal, oswa si l vann oubyen fasilite vant yon sibstans yo kontwole, pandan l nan lekòl la, sou teren lekòl la, oswa nan yon evènman lekòl la ki anba jiridiksyon yon LEA; oswa

3. **Blese yon moun yon fason ki grav:** Si yon elèv blese yon lòt moun pandan l nan lekòl la, sou tere lekòl la, oswa nan yon evènman lekòl la ki anba jiridiksyon yon LEA.

Nan ka sa yo, Prezidan Ekip la dwe kontakte paran an ak Kowòdonatè OSS la tousuit.

Si yon paran pa dakò ak desizyon Ekip la sou "desizyon sou manifestasyon" an, paran an gen dwa pou l mande yon odisyon rapid ann amoni ak pwosesis ki pèmèt bagay yon fèt yon fason ki dwat yo nan men Biwo Apèl Edikasyon Espesyal la.

Si konduit dwòl la te rezilta manke lekòl la manke reyisi aplike IEP a, Prezidan Ekip la pral pwograme yon reyinyon desizyon sou manifestasyon avèk Ekip la nan yon espas 10 jou lekòl pou:

- Detèmine si elèv la te tire pwofi edikatif rezonab.

- Detèmine si IEP a te abòde bezwen elèv la genyen yo (pa egzanp, teknik ansèyman, ansèyman espesyalize, konpòtman, elatriye).

- Detèmine si gen yon plan sipò konpòtman pozitif, si l apwopriye, ak si y ap aplike l jan l te fèt la.

- Egzamine ransèyman sou pwogrè (akademik ak konpòtman); evalyasyon ak enfòmasyon dyagnostik; obsèvasyon klas/elèv, ak enfòmasyon sou entèvyou ak pwofesè/pèsonèl/paran/elèv.

- Egzamine ansèyman espesyalize, lòt sèvis, ak sipò pou pèsonèl lekòl selon sa IEP elèv la presize. Èske resous ki nesesè yo te disponib kòm yon pati nan pwogram elèv la?

Fòk yo avize Kowòdonatè OSS la si yon reyinyon Manifestasyon pral fèt.
Ekip la pral ekri desizyon yo pran yo (gade tablo a pi ba) epi remèt yo bay direktè lekòl la, paran an, ak Kowòdonatè OSS la nan yon espas 5 jou lekòl depi reyinyon an te fèt la.

- Desizyon Ekip la pran yo
- Jistifikasyon pou dessizyon Ekip la pran yo
- Yon deskripsyon sou aksyon yo pwopoze a
- Siyati paran an

Dokiman ki obligatwa:

- Fèy Desizyon sou Manifestasyon an

6.2 Rapò sou Metriz Fizik-Revizyon

Dènyèman DESE te chanje egzijans yo anrapò ak rapò Metriz Fizik. Kidonk, Cambridge Public Schools (CPS) revize Fòmilè Rapò Metriz Fizik la tou pou rapli kritè DESE yo bay anrapò ak bay rapò.

Egzijans pou Anonse Blese:

Tanpri note sa, chak lè yon elèv oubyen manm pèsonèl blese e yo ekri sa sou yon Fòmilè Rapò Metriz Fizik, distri a oblije fè DESE konn sa **nan yon espas 3 jou.** Kidonk, pou asire yo respekte egzijans 3 jou a, li enpòtan pou Direktè Lekòl Siperyè yo ajoute yon nòt sou fòmilè a oswa nan imèl la ansanm ak fòmilè a pou si yo skane l, yon fason pou siyale blese a e fè yo avize DESE a sou sa menm kote a.

7.0 Brimad ak Entèvansyon

Nan mwa me 2010 la, yo te pase Lwa Brimad la, chapit 92 nan Lwa 2010 yo. Lwa sa a egzije lidè lekòl yo pou yo kreye e aplike teknik pou anpeche brimad e pou abòde brimad ak zak vanjans avèk efikasite e san pèdi tan si yo fèt. Jan nou te fè w konn sa deja, lalwa gen enplikasyon presi pou pwosesis IEP a e pou elèv ki gen andikap.

Seksyon 7 di konsa: Chak lè evalyasyon Ekip IEP a endike andikap yon elèv afekte devlopman konpetans sosyal, oswa lè andikap elèv la fè l vilnerab pou brimad, anmède, oswa fawouch, fòk IEP a abòde konpetans ak kapasite ki nesesè pou evite e byen reyaji devan brimad, anmède, ak fawouch. (G.L.C71B, §3, selon chanjman ki nan Chapit 92 Lwa 2010 yo)

Seksyon 8 di konsa: Pou elèv ki gen yon andikap ki klase kòm otis, fòk Ekip IEP a konsidere e abòde presizeman konpetans ak kapasite ki nesesè pou evite e byen reyaji devan brimad, anmède, ak fawouch. (G.L.C71B, §3, selon chanjman ki nan Chapit 92 Lwa 2010 yo.)

Ekip IEP pa ka anpeche oubyen reyaji devan brimad poukont yo; efò Ekip la fè pou l ede yon elèv devlope konpetans ak kapasite ki nesesè pou anpeche e byen reyaji devan brimad yo dwe jwenn soutyen ak enfòmasyon nan men pi gwo plan lekòl la ak distri a. Pou byen abòde prevansyon brimad elèv andikape e pou aplike teknik ki nan IEP yo, sa mande kominikasyon, kowòdonasyon, ak antrènman mityèl ant pèsonèl edikasyon jeneral ak pèsonèl edikasyon espesyal.

Pandan pwosesis evalyasyon edikasyon espesyal la, fòk Ekip IEP a chèche ransèyman ki enpòtan ak enfòmasyon ki gen rapò ak devlopman konpetans sosyal elèv la. Regleman edikasyon espesyal Massachusetts la egzije an patikilye premye evalyasyon gen ladan yo: "yon evalyasyon kapasite atansyon elèv la, konpòtman l anrapò ak patisipasyon, kapasite l pou l kominike, memwa l, ak **relasyon sosyal li avèk gwoup, kamarad, ak adilt**;" kidonk, evalyasyon ki byen planifye pral gen ladan yo enfòmasyon Ekip IEP yo bezwen pou abòde egzijans espesyal ki gen nan lwa brimad la pou elèv ki gen andikap. Seksyon 7 ak 8 nan lwa a fè referans ak 3 gwoup elèv: elev ki gen otis, elèv andikap yo afekte devlopman konpetans sosyal yo, ak elèv andikap yo fè yo vilnerab pou brimad, anmède, ak fawouch. Ekip IEP yo dwe konsidere sipò ki nesesè pou devlope konpetans sosyal chak elèv ak kapasite yo pou yo byen reyaji devan brimad, anmède, ak fawouch. Konpetans ak kapasite Ekip IEP a ka idantifye nan IEP a gendwa gen ladan yo, pami lòt:

- Konsyans de Pwòp Tèt Li
- Kapasite pou l Jere Pwòp Tèt Li
- Konsyans Sosyal
- Kapapsite pou l Devlope Relasyon ak Lòt Moun

- Kapasite pou l Pran Desizyon yon fason Responsab

Li pa nesesè pou fè yon lòt reyinyon Ekip IEP pou elèv ki gen IEP senpleman pou pale sou enplikasyon ki posib akoz nouvo lwa brimad sa a; sepandan, chak fwa Ekip IEP a reyini, Ekip la dwe panse sou si elèv la te enplike nan nenpòt ka brimad, e itilize enfòmasyon sa a pou enfliyanse diskisyon an sou ki bezwen elèv la genyen. Anplis de sa, Ekip IEP a dwe reyini ankò si paran an oubyen nenpòt manm pèsonèl kwè elèv la riske sibi brimad oswa si l ap anplwaye konpòtman brimad, e si konpòtman konsa gen rapò ak andikap elèv la. Plis toujou, li esansyèl Ekip la ekri tout diskisyon yo fè sou brimad nan Fòmilè Rezime Reyinyon Ekip la, nan Lèt N1 an, ak/oswa nan pati IEP ki apwopriye a, selon sa Ekip la deside a. Yon deklarasyon nan pati Enfòmasyon Anplis ki nan IEP a bay yon okazyon konstan pou ekri aksyon Ekip la poze a. (Gade sa k ansanm ak liv mànyèl sa a)

Lè Ekip IEP a reyini, fòk li reflechi sou chak andikap elèv la genyen ak efè andikap la genyen sou enteraksyon ak kominikasyon elèv la fè avèk lòt moun.

- Ekip la dwe konsidere ansèyman sou brimad ki deja nan pwogram edikasyon jeneral lekòl la. Yo dwe ekri enfòmasyon sou diskisyon sa a nan IEP a, ansanm ak yon deklarasyon sou ki jan pwogram edikasyon jeneral la deja ede elèv la devlope konpetans ak kapasite ki apwopriye pa mwayen ansèyman jeneral. **Anpil elèv pral resevwa sipò pou yo devlope konpetans ak kapasite ki apwopriye pa mwayen ansèyman jeneral.**

- IEP a dwe abòde konpetans ak kapasite Ekip la detèmine elèv la pap aprann fasil senpleman grasa pwogram jeneral lekòl la. Si sa nesesè, Ekip la dwe panse ak aranjman nan pwogram edikasyon jeneral la, oswa objektif, modifikasyon, ak sèvis edikasyon espesyal ki gen rapò ak aprann elèv la pral aprann konpetans ak kapasite ki nesesè pou l evite e byen reyaji devan brimad, anmède, ak fawouch, e pou l patisipe plènman nan tout pwosesis ki gen rapò ak rapòte e envestige ka brimad.

- Fokis IEP a pou elèv ki gen ASD anrapò ak lwa brimad la se pou ede elèv la aprann nan domèn sosyal e emosyonèl pou l ka pi byen jere defi nan domèn akademik, sosyal, ak kominikasyon.

- Fòk Ekip la gen ladan l yon manm pèsonèl lekòl la ki konnen pwogram edikasyon jeneral lekòl la anrapò ak prevansyon ak entèvansyon pou brimad lè y ap pale sou sijè sa a nan reyinyon Ekip la.

- Edikasyon pou fanmi sou plan brimad distri a, pwogram edikasyon jeneral lekòl la itilize pou anseye elèv konsènan brimad, ak fason pou rapòte brimad nan lekòl la gendwa nan reyinyon Ekip la tou.

Sa k vin apre yo se echantiyon sa Ekip la gendwa reflechi sou li nan IEP elèv la, si sa apwopriye:

- Idantifye yon adilt "sekirize" elèv la ka al kote l lè l santi l vilnerab oubyen lè y ap sible l.
- Bay plis konsèy pou ede l devlope konpetans k ap ede l anpeche e byen reyaji devan brimad oswa mete l nan yon gwoup konpetans kominikasyon/konpetans sosyal pratik.
- Bay yon Analiz Konpòtman Aplike epi devlope yon Plan Entèvansyon Konpòtman ki idantifye konpòtman y ap sible oswa konpòtman agresif, ki idantifye sa k konn rive anvan l anplwaye konpòtman sa yo, e ki entèvansyon yo pwopoze ki anseye elèv la pou l diminye e/oswa evite konpòtman sa yo.
- Anseye reyaksyon ki apwopriye lè gen brimad, anmède, ak fawouch.
- Bay okazyon pou elèv la devlope e pratike yon plan aksyon sekirite.
- Idantifye konpetans oubyen aranjman ki nesesè pou l reyisi nan lekòl la – ni nan domèn edikasyon an, ni nan domèn sosyal la.

Fòk yo bay elèv ki gen plan 504 aranjman ak sèvis ki nesesè pou yo pwofite pwogram edikasyon jeneral lekòl la sou brimad la tou.

Tanpri, met sa nan tèt ou, nan mwa jen 2013 la, Lejislati Eta Massachusetts la te pote yon chanjman nan Lwa Anti-Brimad Masscahusetts la (M.G.L. Chapit 71, Seksyon 370) pou elaji pwoteksyon elèv yo jwenn ki sibi brimad nan men yon manm pèsonèl lekòl la, ki gen ladan yo, pami lòt, "anseyan, administratè, enfimyè lekòl, travayè nan kafeterya, jeran, chofè bis, antrenè spò, konseye pou yon aktivite anplis aktivite akademik, oswa parapwofesyonèl." Politik Anti-Brimad Komite Lekòl Cambridge la aplike egzijans ki nan lwa sa a avèk konstans.

8.0 Dwa Paran Genyen ak Pwosesis pou Bagay Fèt yon Fason ki Dwat

8.1 Pwosedi Pwoteksyon yo

Pwosedi Pwoteksyon yo se règ presi ki asire paran konnen ki sa distri lekòl la pwopoze pou l fè ("resewva anons"), dakò ak plan distri lekòl la ("bay konsantman paran"), ak gen diferan kalite okazyon pou rezoud dezakò avèk distri lekòl la ("pwosesis pou bagay fèt yon fason ki dwat"). Pwosedi Pwoteksyon ki nan lalwa yo bay plis pwoteksyon e li nan dokiman sa a.

Fòk Distri Lekòl Piblik Cambridge la bay paran yon anons ekri lè l pwopoze, oswa refize pwopoze, etap pou l franchi pou l idantifye elèv ou, pou l evalye elèv ou, pou l bay elèv ou sèvis espesyal, oswa pou l chanje pwogram elèv ou a. Regleman federal yo rele sa yon "anons ekri davans". Anons ekri a dwe:

- Dekri sa CPS pwopoze oswa refize fè;

- Esplike poukisa CPS pwopoze oswa refize poze aksyon;
- Dekri ki jan CPS te deside pwopoze oswa refize poze aksyon an, san wete fè paran an (yo) konnen chak pwosesis evalyasyon, egzamen, dosye, oswa rapò distri lekòl ou itilize pou pran desizyon l; epi,
- Dekri nenpòt lòt opsyon Ekip la te konsidere ak rezon ki fè l te rejte opsyon sa yo.

Paran pral resevwa anons ekri davans lè CPS:

- Pwopoze pou l fè yon evalyasyon oswa re-evalyasyon,
- Pwopoze yon nouvo IEP oswa yon IEP ki gen chanjman
- Pwopoze yon chanjman nan plasman, san wete yon chanjman yo pwopoze nan plasman pou rezon disiplin, oswa
- Pwopoze pou l mete fen nan sèvis edikasyon espesyal.

(MA DESE, PNPS 2013)

8.2. Dezakò

Paran gen dwa pou yo fè apèl kalifikasyon, evalyasyon, plasman, pwogram edikasyon pèsonèl (IEP), pwovizyon edikasyon espesyal, oswa pwosedi pwoteksyon, pa mwayen Biwo Apèl Edikasyon Espesyal la (BSEA). BSEA bay paran an (yo) yon pwosesis rezolisyon dezakò ki volontè e konfidansyèl, san yo pa peye anyen pou sa.

Medyasyon: Nan medyasyon, yon medyatè ede paran ak pèsonèl lekòl klarifye pwoblè yo genyen ak enkyetid ki kache anba anba yo, egzamine enterè yo, diskite opsyon yo, e kolabore pou jwenn yon akò k ap satisfè toude e ki abòde bezwen elèv la. Medyatè a pa deside ki jan pou l rezoud dezakò a. Lè 2 pati yo rezoud tout oswa kèk nan kesyon yo te genyen yo, yo travay ansanm ak medyatè a pou mete akò yo alekri.

Odisyon Pwosesis Dwat: Si yon paran ak distri lekòl la pa ka jwenn yon rezolisyon, youn nan pati yo gendwa depoze pou mande yon odisyon. Odisyon pwosesis dwat la egzamine dezakò sou kalifikasyon; evalyasyon; IEP; desizyon sou plasman edikatif, san wete plasman akoz disiplin; Edikasyon Piblik ki Gratis e Apwopriye (FAPE); pwovizyon edikasyon espesyal; oswa pwosedi pwoteksyon ki nan lalwa federal ak lalwa eta a pou elèv ki gen andikap, san wete seksyon 504. Yo dwe mande yon odisyon nan yon espas 2 ane depi lè paran an te konnen, oswa te dwe konnen evènman ki se baz plent lan.

9.0 Kominikasyon avèk Paran/Responsab

9.1 Obsèvasyon nan Klas

Paran gen dwa pou yo obsève pwogram edikatif kote pitit yo afekte nan moman an e/oswa kote yo rekòmande pou yo afekte l. Tout demann pou yon paran fè yon obsèvasyon nan klas la dwe fèt anvè Sikològ/Prezidan Ekip la ki responsab pou l asire yo suiv pwosesis la. Yo mande paran pou yo fè demann yo direkteman bay Sikològ/Prezidan Ekip la. Sepandan, si nenpòt lòt manm Ekip IEP a, Administratè Lekòl, ak/oswa pwofesè klas resevwa demann nan men yon paran pou l fè yon obsèvasyon nan klas la, yo dwe fè Sikològ/Prezidan Ekip la konn sa tousuit pou yo ka aplike pwosesis la. Menm jan an tou, si paran an mande nenpòt moun k ap dirije OSS oswa pèsonèl biwo, y ap anonse Sikològ/Prezidan Ekip la sa a tousuit pou l ka aji. Fòk yo fè demann alekri.

Si evalyatè endepandan/konsiltan edikasyon paran an deziyen an pral egzamine dosye elèv la anrapò ak obsèvasyon an, fòk gen yon konsantman paran an siyen nan dosye a ki otorize Cambridge Public Schools pou l pataje dosye elèv la avèk evalyatè endepandan/konsiltan edikasyon an.

Paran gendwa deziyen yon evalyasyon ak/oswa yon konsiltan edikasyon pou l fè obsèvasyon konsa. Paran oswa moun yo deziyen an dwe gen yon moun Cambridge Public Schools ki akonpaye l lè obsèvasyon an e pou tout dire obsèvasyon an. Nan pifò ka, konpayon an pral yon manm pèsonèl OSS la (pa egzanp, sikològ lekòl, administratè OSS, elatriye). Konpayon an pa kapab pwofesè y ap obsève a.

- Biwo Sèvis Elèv la ankouraje obsèvasyon yo fè nan klas yo pou yo dire anviwon 2 èdtan, byenke li pa limite dire yo.

- Obsèvasyon nan klas gendwa pwograme pou nenpòt lè pandan jounen lekòl la.

- Obsèvasyon dwe pwograme nan yon espas **10 jou lekòl** depi lè yo te jwenn demann nan.

- Yo pa dwe pwograme okenn obsèvasyon nan klas pandan y ap fè egzamen MCAS oswa pandan premye oubyen dènye 2 semèn ane lekòl la.

9.2 Direksyon Konsènan Dosye Elèv/Mesaj Tèks

Yo konsidere tout kominikasyon pa mwayen imèl konsènan yon elèv, kit li soti nan yon aparèy elektwonik ki pou depatman lekòl la, kit li soti nan yon aparèy eletwonik pèsonèl, kòm yon pati nan dosye elèv la.

Sa vle di fòk yo mete tout kominikasyon ki te fèt pa mwayen imèl disponib lè paran an (yo) oswa yon avoka k ap aji pou paran an (yo) mande sa.

Yon jijman BSEA a te fè dènyèman te sanse elaji definisyon dosye elèv la pou l gen ladan l kominikasyon pa mwayen mesaj tèks tou. Kidonk, tout kominikasyon pa mwayen mesaj tèks konsènan yon elèv, kit yo soti nan yon aparèy eletwonik ki pou depatman lekòl la, kit yo soti nan yon aparèy elektwonik pèsonèl, yo konsidere yo kòm yon pati nan dosye elèv la e fòk distri a ta revele yo lè paran an (yo) oswa avoka k ap ajis pou paran an (yo) mande sa.

Tanpri, sonje se Biwo Sèvis Elèv la (OSS), se pa lekòl la, ki pou jere tout demann yo fè pou dosye edikasyon espesyal yon elèv; OSS gen dosye ofisyèl elèv yo nan biwo li. OSS travay direkteman avèk konsèy legal distri a pou konpile dosye yo e jwenn tout kominikasyon eletwonik yo pou bay moun ki te fè demann nan.

10.0 Seksyon 504

10. 1 Rezime sou Seksyon 504

Pou enfòmasyon konplè sou Cambridge Public Schools ak Seksyon 504, tanpri, gade sit wèb distri a: Seksyon 504 Cambridge Public Schools

Ki sa Seksyon 504 ye?

Seksyon 504 nan Lwa Reyablitasyon 1973 la se yon lwa dwa sivil ki entèdi yon moun ki gen yon andikap oswa yon domaj grav, ki t ap kalifye si se pa t sa, sibi diskriminasyon, eskli pou l pa patisipe nan, oswa pa jwenn byenfè nan kèlkeswa pwogram oubyen aktivite ki resevwa asistans finansye federal. Se U.S. Depatman Edikasyon an, Biwo Dwa Sivil la (OCR) ak BSEA a ki fè moun suiv lwa Seksyon 504 la.

Elèv ki kalifye pou Plan Seksyon 504 yo jwenn aranjman edikatif ak/oswa lòt sèvis ki apwopriye ki fèt pou konble bezwen patikilye yo genyen, menm jan ak elèv ki pa gen andikap, lè l mete yo tout nan menm nivo a. Ansèyman espesyalize (SDI) nan men yon anseyan espesyal ak modifikasyon pa jeneralman nan yon Plan 504. Seksyon 504 fèt pou anpeche moun ki resevwa asistans finansye ak antite piblik fè patipri sou baz andikap. Li pa yon sèvis edikasyon espesyal ki fèt pou asire pwogrè akademik.

Yon nòt konsènan lekòl prive ak lekòl endepandan:

Byenke Cambridge Public Schools responsab pou l evalye e detèmine kalifikasyon ak/oswa klasman andikap pou elèv ki rezide nan distri lekòl la, nou pa ekri plan 504 pou lekòl ki pa itilize fon federal. Lekòl prive ak lekòl endepandan ka itilize evalyasyon CPS pou devlope plan sipò pa yo, paske yo pa anba menm kritè ak lwa Seksyon 504 la. Si w gen kesyon, tanpri, kontakte Pwofesè ki Responsab 504 la, Christine DeAmbrose, nan 617.349.6508 oswa kontakte Administratè 504 ki gen nan chak etablisman yo isit: Seksyonn 504 - Kontak Selon Etablisman

Ki jan Edikasyon Espesyal ak Seksyon 504 lye ansanm?

Si yo detèmine yon timoun gen yon andikap, li gendwa kalifye pou sipò ak sèvis edikasyon espesyal pa mwayen yon IEP oswa aranjman ak/oswa lòt sèvis selon Seksyon 504. Yon andikap pa vle di otomatikman elèv la kalifye pou youn oswa lòt. Si yo detèmine yon timoun pa kalifye pou yon IEP, yo gendwa refere l pou yon evalyasyon selon Seksyon 504. Menm jan an tou, yo gendwa refere yon elèv ki gen yon Plan 504 bay pwosesis edikasyon espesyal la.